ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№111 (24.393) • 2022 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 17, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

# ЩIалэгъуалэ фестивалыр Налшык щокIуэкI



Мы махуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щокIуэкI Кавказ Ищхъэрэм и щIалэгъуалэм я фестиваль. Ар къызэIуахащ щIалэгъуалэ зекIуэкIэ.

ХьэтIохъущокъуэм и хадэм и лъэс лъагъуэ нэхъыщхьэм къэрал ныпыр зыIыгъ щIалэгъуалэ 3000-м щIигъу ирикIуащ. Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэр ягу къагъэкIыжу, «ЩIыхьым и мафIэ мыужьых» фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьэри, зекIуэр ежьащ. Урысейм и Президентымрэ къэралым и армэмрэ зэрыдаIыгъым и щыхьэт Iуэхур «Зэакъылэгъуныгъэ! Зэкъуэтыныгъэ! Хэкупсагъэ!» къыхуеджэныгъэм щIэту ирагъэкIуэкIащ икIи Абхъазым и утыкум щиухащ.

«Кавказыр зэныбжьэгъугъэм и щIыналъэщ!» художественнэ теплъэгъуэмкIэ пащащ фестивалым. Зэхыхьэхэр щиухым концерт итащ КъБР-м и цIыхубэ артист Текуев Амур. Псори дежьууащ абы игъэзэщIа «Россия - Родина мать» уэрэдым.

Фестивалыр ирагъэхьэлIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъуэр илъэси 100 зэрырикъум. КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и дэIэпыкъуэгъуу ар къызэригъэпэщащ республикэм ЩIалэгъуалэм я Iуэхухэмкiэ и министерствэм. Абы и мурадыр щIыналъэхэм я зэпыщIэныгъэр, Урысейм и щIалэгъуалэм Хэкум хуаIэ лъагъуныгъэр гъэбыдэнырщ, лъапIэныгъэхэр хъумэнырщ, ныбжьыщIэхэм я щэнхабзэ ехъулIэныгъэхэм хэгъэхъуэнырщ.

Зэхыхьэм хэтащ щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр, Урысей Федерацэм и щIыналъи 10-м щыщ ныбжьыщIэхэр. Ди республикэм и хьэщIэщ Тэтэрстаным, Шэшэным, Къэрэшей-Шэрджэсым, Ингушым, Адыгейм, Къалмыкъым, Осетие Ищхъэрэ - Аланием, Дагъыстэным, Ставрополь крайм къикIа цIыху 200-м щIигъу. Зэхуэсхэм апхуэдэу хэтащ КъБР-м ЩIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ и министерствэр и дэIэпыкъуэгъуу ЩIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ къэрал агентствэм къызэригъэпэща семинарым кърихьэлIа цIыху 60-ри.

Творческэ пшыхьхэр, зэпеуэхэр, зэIущIэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал университетым, къэрал аграрнэ университетым я утыкухэм, къалэм и зыгъэпсэхупIэхэм щокIуэкI. ХьэщIэхэм республикэм и щIыпIэ дахэхэм зыщрагъэплъыхь.

ФокIадэм и 16-м «Кавказыр ди зэхуэдэ унэщ» зэхыхьэ гукъинэжыр зэхэтащ. Абы ирагъэблэгъащ Херсон областым щыщ сабийхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым зыщызыгъэпсэхухэр. Фестивалыр ноби зэхэтынущ. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, Налшык къалэ и утыкухэм цIыху 4500-м щIигъу щызэхуэсынущ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым теухуауэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «г» пунктым ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министру гъэувын **Езауэ Анзор Кълышбий и къуэр**, пIалъэкIэ зыпэрыта къулыкъур абы щхьэщыхауэ.

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2022 гъэм фокIадэм и 16-м*
*№89-УГ*

● ЗэIущIэ

# Урысейпсо видеозэIущIэм

**УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хуснуллин Марат фокIадэм и 15-м «Сколково» инновацэ IуэхущIапIэм къипсэлъыкIыу иригъэкIуэкIа видеозэIущIэм хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.**

ХУСНУЛЛИНЫМ утыку къирихьащ къэралым ухуэныгъэмрэ ЖКХ унэтIыныгъэмкIэ 2030 гъэ пщIондэ щрагъэкIуэкIыну зэхъуэкIыныгъэхэр. Ахэр яубзыхуащ къэрал унафэщIхэм къагъэува къалэнхэр, унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ лэжьакIуэхэм ирагъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэмрэ щIыналъэ къулыкъущIэхэм къыхалъхьа Iуэху еплъыкIэхэмрэ тегъэщIапIэ ящIу.

КъищынэмыщIауэ, зэIущIэм щытепсэлъыхьащ лъэпкъ проектхэр зэрагъэзащIэм. Псом хуэмыдэу ухуэныгъэр къыхагъэбелджылыкIащ. КъулыкъущIэм къыхигъэщащ республикэхэм сыт и лъэныкъуэкIи зегъэужьыным щIыналъэ Iэтащхьэхэм я гулъытэ псори хуаунэтIын зэрыхуейр. Абы папщIэ иджырей технологиехэмрэ, къэрал щIыбым къраш мыхъуу, Урысей Федерацэм къыщыщIагъэкI Iэмэпсымэхэмрэ продукцэмрэ нэхъ трагъэщIэну жиIащ Хуснуллиным.

КIуэкIуэ Казбек зэIущIэм къыщыщыпсэлъам къыхигъэщащ щIыналъэхэм ухуэныгъэхэр зэрыщрагъэкIуэкI Iэмалхэмрэ ЖКХ-м зегъэужьынымрэ мыхьэнэшхуэ зэрыратыр.

- Къалэн нэхъыщхьэу УФ-м и Президентым къытхуигъэувар цIыхухэм я щыIэкIэ-псэукIэр егъэфIэкIуэнырщ. Быдэу си фIэщ мэхъуакъалэным Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр зэрыпэлъэщынур, - къыхигъэщащ щIыналъэм и Iэтащхьэм.

● Жылагъуэ

# УзытеплъэкъукI мыхъунщ шынагъуэншагъэр

**КъБР-м Къэрал хабзэхэр къыщызэгъэпэщынымкIэ и зэзыгъэуIу зэхуэсымрэ Экономикэ икIи жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советымрэ я зэIущIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек иджыблагъэ иригъэкIуэкIащ.**

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, КъБР-м къегъэщIылIа федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Мэкъуауэ Тимур, Урысейм ит къэрал тхылъ тедзапIэхэм, министерствэхэмрэ къулыкъущIапIэхэмрэ я унафэщIхэр, хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэр.

Зэхуэсым хэтахэр УФ-м Лъэпкъ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкIэ и стратегием къигъэув Iуэхугъуэхэр гъэзэщIа зэрыхъунум, нэхъ пыухыкIауэ жыпIэмэ, лъэпкъ зэхэгъэж, дин зэныкъуэкъу, экстремизм хуэдэхэр жылагъуэм къыщымыгъэхъуным и IуэхукIэ щыIэ Iэмалхэмрэ хэкIыпIэхэмрэ тепсэлъыхьащ. Абы и лъэныкъуэкIэ хэгъэгум щекIуэкI лэжьыгъэм шэщIауэ и гугъу ящIащ КъБР-м лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ пэхуэщIэхэмкIэ и министр КIурашын Анзор, Шэрэдж щIыналъэм щIыпIэ унафэр щызехьэнымкIэ и IуэхущIапIэм и унафэщI Кульбаев Алан, Бахъсэн щIыналъэм и унафэщIым и къуэдзэ Оганезовэ ФатIимэт сымэ. Къэпсэлъэныгъэхэр зэфIэкIа нэужь, КIуэкIуэ Казбек тегъэчыныхьауэ къыхигъэщащ Iуэхур узытеплъэкъукI хъунухэм зэращымыщыр, зэпымычу я нэIэ тетын зэрыхуейр.

КъБР-м и хабзэхъумэ къулыкъущIапIэхэр шынагъэ къэмыгъэхъуным и IуэхукIэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм зэпымыууэ зэрадэлажьэр зэIущIэм къыщыхагъэщащ. Хэхауэ и гугъу ящIащ информацэм епхауэ щыIэ технологиехэм къыщекIуэкI щIэпхъаджагъэхэм, интернет Iэмалхэр къагъэсэбэпурэ ялэжь бзаджагъэхэм. Мыпхуэдэ щIэпхъаджагъэхэр игъуэм къыщIэгъэщыным хуэунэтIауэ щIыналъэм щекIуэкI лэжьыгъэм тепсэлъыхьащ КъБР-м къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министру щыIэ Павлов Василий. Iэтащхьэм къызэрыхигъэщамкIэ, бзаджащIэхэм зэрахьэ хьэгъэщагъэ лIэужьыгъуэхэм жылэр и чэзум щыгъуазэ хуэщIыным мыхьэнэшхуэ иIэщ, ар апхуэдэ мыхъумыщIагъэхэр къэмыгъэхъуным телажьэ Iэмалщ.

Апхуэдэу зэIущIэм щытепсэлъыхьащ хьэрычэтыщIэхэм защIэгъэкъуэным теухуауэ щыIэ лъэпкъ проектхэр зэрагъэзащIэ щIыкIэм, къэрал Iуэхутхьэбзэхэр бжыгъэрылъанэ Iэмалхэм хуэгъэкIуэным хуэгъэза Iэмалхэр зэрырагъэфIакIуэм, пандемием теухуауэ чэнджэщхэр зыт, зыуэ щыт «122» къэралпсо номерым и къалэнхэм зегъэубгъуа зэрыхъунум. КъулыкъущIэхэм къызэрыхалъхьамкIэ, номерыр зы Iуэхугъуэм ехьэлIауэ щымыту, цIыхур зыIууэ сыт хуэдэ гугъуехьхэри къызэнэкIынымкIэ чэнджэщ хъу дэIэпыкъуэгъум хуагъэкIуэнущ. Апхуэдэ жэрдэм къыхэзылъхьари, абы и гъэзэщIэкIэ хъунум тепсэлъыхьари КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Рахаев Борисрэ КъБР-м бжыгъэрылъанэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Ащхъуэт Ислъамрэщ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ



# ЩIыналъэм и бюджетым хэхъуэ зэпытщ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Правительствэм хэтхэм фокIадэм и 14-м зэIущIэ ядригъэкIуэкIащ цIыхубэ гъащIэмрэ экономикэмрэ щызэфIэхыпхъэ Iуэху блэкIхэм тепсэлъыхьын папщIэ. ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэхэу Говоров Сергейрэ Къуныжь МуIэедрэ, Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хъубий Марат, министерствэхэмрэ къулыкъущIапIэхэмрэ я унафэщIхэр.**

ЗЫТЕПСЭЛЪЫХЬЫНУ Iуэхухэм ипэ къихуэу, КIуэкIуэ Казбек и гугъу ищIащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр илъэси 100 зэрырикъум епха дауэдапщэхэр зыхуей хуэзауэ зэрекIуэкIам. «Илъэси 100 къызэрызэднэкIам къегъэлъагъуэ гъунэ гуэр зэритлъар, иджы ипэкIэ дызэрыкIуэтэным дыхущIэкъун хуейщ. Ар зэдгъэхъулIэн папщIэ, Iэмали зэфIэкIи ди куэдщ», - жиIащ Республикэм и Iэтащхьэм.

2022 гъэм зэфIагъэкIыну къалэн зыщащIыжа лъэпкъ, къэрал, щIыналъэ проектхэмрэ программэхэмрэ гъэзэщIа зэрыхъур къэзыгъэлъагъуэ бжыгъэ щхьэхуэхэр къраIуащ. «Къэрал мылъкум щыщу субсидиеу е нэгъуэщI IэмалкIэ сом мелард 26-рэ мелуан 79-рэ дгъэлэжьэну мурад тщIат. Ар процент 74-кIэ дгъэзэщIащ», - жиIащ Мусуков Алий. Ар КИФЩI-м щызекIуэ бжыгъэми КъБР-м илъэс блэкIам къигъэлъэгъуа щытыкIэми нэхърэ нэхълъагэщ. Лъэпкъ проектхэм я гъэзэщIэкIэмкIэ КъБР-м КИФЩI-м япэ увыпIэр, УФ-м – етхуанэр щиIыгъщ. Мы гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыналъэ проект 46-рэ щолажьэ, абыхэм ящыщу 12-р – лъэпкъ проектхэм я Iыхьэу.

Нэхъ тегъэчыныхьауэ зэIущIэм къырихьэлIахэр тепсэлъыхьахэщ еджакIуэ 1 минрэ 700-рэ щIэхуэну Куба къуажэм, Прохладнэ, Нарткъалэ къалэхэм щаухуэ курыт еджапIэхэм. Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ министр Бэрбэч Алим зэрыжиIамкIэ, ухуэныгъэхэр яухыным нагъэблэгъащ, илъэсым и кIэм лэжьэн щIадзэнущ.

ЗэIущIэм къыщаIэтащ «Росмолодежь» IуэхущIапIэм и грантхэр къагъэсэбэпу, щIалэгъуалэм зауэжьынымкIэ щхьэпэ хъуну инфраструктурэ зэрагъэпэщ зэрыхъунур. ЩIалэгъуалэ центрхэр къалэ псоми къыщызэIуахынущ, зэкIэ зэрыхъум еплъын папщIэ, ахэр щагъэлэжьэнущ Налшык, Нарткъалэ, Къэщкъэтау.

КIуэкIуэ Казбек унафэ ищIащ дяпэкIи лъэпкъ, къэрал, щIыналъэ проектхэр гъэзэщIа зэрыхъум кIэлъыплъыну. Нэхъ хэкъузауэ къыхигъэщащ псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэм, гъуэгухэм, цIыхухэм зыхуей-зыхуэфI зыIэрагъэхьэну Iэмал езыт инфраструктурэм, унэ зэтетхэм къедза пщIантIэхэр зыхуей хуэгъэзэным, ухуэныгъэхэр къызыхуэтыншэу зехьэным гулъытэ нэхъыбэ хуащIыну.

Рахаев Борис тепсэлъыхьащ илъэсым екIуэкIа лэжьыгъэр къызэщIэбубыдэжмэ, экономикэм и щытыкIэр къэзыгъэлъагъуэ валовэ бжыгъэ нагъыщэмрэ промышленнэ хуэIухуэщIэхэм я индексымрэ зэрыхэхъуэм. Абы лъабжьэ хуэхъур нэхъыбэу щIым къыщIах хъугъуэфIыгъуэхэрщ. Мэкъумэш хозяйствэм и лэжьакIуэхэм кърахьэлIащ сом мелуан 20,4-рэ и уасэ гъавэ, ар 2021 гъэм ейм елъытауэ процен-ти 3,1-кIэ нэхъыбэщ. «Ухуэныгъэ» унэтIыныгъэмкIэ гъэзэщIа хъуа лэжьыгъэхэр 2022 гъэм и щIышылэ - бадзэуэгъуэ мазэхэм къриубыдэу щынэблэгъащ сом мелард 13,1-м, ар проценти 5,3-кIэ нэхъыбэщ илъэс блэкIам къагъэлъэгъуахэм нэхърэ. Илъэсым зэрыщIидзэрэ, уней ухуэныгъэхэри хиубыдэу, псэупIэ метр зэбгъузэнатIэу мин 252-рэ ятащ, ар процент 32,3-кIэ нэхъыбэщ илъэс блэкIам а пIалъэ дыдэм къэдгъэлъэгъуам нэхърэ.

Процент 15-кIэ хэхъуащ щIыналъэм зи ахъшэ щызыгъэлэжьэну хуей хьэрычэтыщIэхэм я бжыгъэми. Дызэрыт зэманым КъБР-м щызэфIах инвестицэ проект зэмылIэужьыгъуэ 25-рэ, экономикэм и къудамэ щхьэхуэхэм тегуэшауэ. Ерыскъыпхъэуи мыерыскъыпхъэуи щIыналъэм щащэ-щащэхум и бжыгъэми хэхъуащ.

ФинансхэмкIэ министр Лисун Еленэ тепсэлъыхьащ илъэс екIуэкIым щыщу блэкIа мази 8-м тепщIыхьмэ, щIыналъэ бюджетыр ефIакIуэу зэрылажьэм. Хэхъуэр сом мелард 38,7-рэ мэхъу, ар гъэ блэкIам щыIа зыужьыкIэм еплъытмэ, процент 22,9-кIэ нэхъыбэщ. Езы щIыналъэм къыхэхъуа мылъкур сом мелард 13-м щIегъу.

Республикэм илъэсым и кIуэцIкIэ зытекIуэдапхъэм тригъэкIуэдэн хуея сом мелард 59,8-м щыщу зыхухахахэм хуиутIыпщакIэщ сом мелард 37,5-рэ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, планым и процент 60-р ягъэзэщIакIэщ. ЦIыхубэр зыхуэныкъуэ и лъэныкъуэкIэ а бжыгъэм хеубыдэ сом мелард 28-рэ, е щIыналъэ мылъкум щыщу процент 75-рэ. Ахэр текIуэдащ уз зэрыцIалэр зэуэлIахэм еIэзэну къызэIуаха сымаджэщхэм (госпиталхэм) я лэжьакIуэхэм, цIыхубэм хухагъэкIыпхъэхэм, хущхъуэ хуэIухуэщIэхэм, мылажьэхэр медицинэ страхованэ щIыным. ЦIыхубэм хухагъэкIахэм я закъуэ мази 8-м и кIуэцIкIэ сом меларди 10-м щIигъу текIуэдащ.

ЗэIущIэм къыщыхагъэщащ экономикэм и щытыкIэр зэтеухуэжа къудей мыхъуу, зэрефIакIуэм и щыхьэтхэр зэрынаIуэр. Ар и фIыгъэщ УФ-м и Президентым и унафэхэр зэрагъэзащIэмрэ къэралыр кризисым къыхэшыным хуэунэтIауэ Правительствэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэр зэрыщхьэпэмрэ. УнэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм, хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ зыщIагъэкъуэн, цIыхухэм лэжьапIэхэр фIамыгъэкIуэдын, сабий зэрыс унагъуэхэм унащхьэ чэзууэ ядэIэпыкъун Iуэхур къэралым занщIэу щызэтраухуащ.

# Гулъытэ гуапэ

**КъБР-м и Парламентым дыгъуасэ щагъэлъэпІащ республикэм и цІыху гуащІафІэ 30-м щІигъу.**

- БЛЭКІА илъэси 100-м ди щІыналъэм ехъулІэныгъэшхуэхэр зыІэригъэхьащ, экономикэ, щэнхабзэ Іуэхухэм, цІыхухэр зыхуей хуэгъэззэным я лъэныкъуэкІэ. Мыпхуэдэ махуэшхуэхэм дежщ къызэбнэкІа лэжьыгъэм и мыхьэнэр нэсу щызыхэпщІэр, - жиІащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ **Егоровэ Татьянэ**. - ИкъукІэ дрогушхуэ щІыналъэм и зыужьыныгъэм, ар егъэфІэкІуэным хэлъхьэныгъэ хуэзыщІа дэтхэнэ цІыхуми. Нобэ абыхэм я гуащІэм пызыщэ защІэщ ди ІуэхущІапІэм къэдгъэблэгъар. Мыбдеж щІэсщ щІыналъэм зезыгъэужь ІэнатІэ нэхъыщхьэхэм - промышленностым, ухуэныгъэм, туризмэм - я къару емыблэжу щылажьэхэр, узыншагъэр хъумэным, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, социальнэ ІуэхущІапІэхэм я ІэщІагъэлІхэр. Псори зэхуэдэ зыщІыр дэтхэнэри и лэжьыгъэм гурэ псэкІэ зэрыбгъэдэтырщ, и къару зэремыблэжырщ. ФІыщІэ ин фхудощІ щІыналъэр егъэфІэкІуэным хэлъхьэныгъэ зэрыхуэфщІым папщІэ. Сынывохъуэхъу Къэбэрдей-Балъкъэрыр илъэси 100 зэрырикъумрэ нобэ къыфхуагъэфэща къэрал дамыгъэхэмкІэ. Узыншагъэ быдэ фиІэну, иджыри ехъулІэныгъэ куэд къэфхьыну ди гуапэщ.

КъБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхылъыр зыхуагъэфэщахэм ящыщщ республикэм и ухуэныгъэ ІэнатІэм и ветеран ТІыхъужь Руслан, КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министерствэм епха, жьы хъуахэм я унэм социальнэ лэжьыгъэмкІэ и ІэщІагъэлІ Дау Маринэ, ВетеринариемкІэ Тэрч район ІуэхущІапІэм Курп Ипщэм щиІэ къудамэм и унафэщІ Лыкъуэжь Тимур, КъБКъУ-м и Педагогикэ колледжым и унафэщІ Ашэбокъуэ ФатІимэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я тхыдэмкІэ кафедрэм и профессор Сэбаншы Хьэжмурат, школ-интернат №3-м и унафэщІ Пэунэж Майе, «Экопарк Долина Нарзанов» ІуэхущІапІэм и генеральнэ унафэщІ Ажахъуэ Хьэсэн, Мэлбахъуэм и цІэр зезыхьэ къэрал Лъэпкъ библиотекэм щІэныгъэ лэжьакІуэхэм ядэлэжьэнымкІэ и къудамэм и унафэщІ Нанэ Ларисэ сымэ, нэгъуэщІхэри.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщІым и ФІыщІэ тхылъыр иратащ илъэс куэдкІэ къэрал ІэнатІэ мытыншхэр езыхьэкІа, Къэбэрдей-Балъкъэрым бзылъхугъэ зэгухьэныгъэм зыщегъэужьыным хэлъхьэныгъэ хуэзыщІа Беппаевэ Розэрэ ФочыщІэ Зоерэ. Апхуэдэуи къэрал гулъытэ зыхуащІахэм ящыщщ КъБР-р илъэси 100 зэрырикъум и щІыхькІэ Іуащхьэмахуэ дэкІуеяхэм яхэта, КъБР-м и Парламентым и депутат Хъубий Наур, КъБР-м и Парламентым епха Жылагъуэ советым и унафэщІым и къуэдзэ Михайленкэ Ольгэ, КъБР-м ЗыгъэпсэхупІэхэмрэ туризмэмкІэ и министерствэм и къудамэм и унафэщІ Къаскъул Виолеттэ, нэгъуэщІхэри.

Къызэхуэсахэм я цІэкІэ ФочыщІэ Зое фІыщІэ хуищІащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщІым. Бзылъхугъэм къыхигъэщащ хабзэубзыху ІуэхущІапІэм етІуанэу гулъытэ къызэрыхуищІыр икІи нэхъыжьхэм я лэжьыгъэр зэрызыщамыгъэгъупщэр зэригуапэр. Апхуэдэуи дыщІигъуащ мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым и дэнэ щІыпІи зэІузэпэщ зэрыхъуар, щІыналъэр ефІэкІуэн щхьэкІэ республикэ унафэщІхэм куэд зэращІэм гу лъамытэу къызэрымынар.

ЗэІущІэм и кІэм Егоровэр къызэхуэсахэм ехъуэхъуащ гъащІэ мамыр яІэну, бэІутІэІуншэу псэуну.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**



КъБР-м и Парламентым

---

КъБР-м и Правительствэм

# Муниципалитетхэм иратыж

**КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІ Мусуков Алий Іуэху зэхуэмыдэхэм щыхэплъа зэІущІэ иригъэкІуэкІащ.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и къэрал мылъкур зэгъэззэхуэнымкІэ республикэм и законым и 40-нэ статьям зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ зэхуэсым къыщыпсэлъащ КъБР-м щІы, мылъку зэхущытыкІэхэмкІэ и министр **Тэхъу Аслъэн**.

Республикэм и къэрал мылъкур уней щІыным (приватизацэм) теухуауэ КъБР-м и Правительствэм иІа хуитыныгъэр абы теухуа законым хэтыжынукъым, Урысейм и щІыналъэхэм я къэрал мылъкур зэрызэрагъэззэхуапхъэ хабзэхэр иджы УФ-м и Правительствэм зэригъэбелджылым къыхэкІыу. Апхуэдэ зэхъуэкІыныгъэр халъхьащ Урысейм и федеральнэ законым.

Министрыр къэпсэлъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал мылъку щхьэхуэхэр муниципалитетхэм зэрыратым теухуа проектым и ІуэхукІи. Абы тету, Бахъсэн къалэ администрацэм и мылъкум хагъэхьэнущ Бахъсэн къалэм дэт сабий яслъэмрэ (ар сом мелуан 37,9-рэ и уасэ унэлъащІэрэ техникэкІэ къызэрагъэпэщынущ), Дыгулыбгъуей къуажэм дэт сабий яслъэмрэ (сом мелуан 33,3-рэ и уасэ унэлъащІэрэ техникэрэ щІагъэувэнущ). Тэрч щІыналъэм и мылъкум хагъэхьэжынущ Новая Балкария къуажэм дэт сабий яслъэр. Ар сом мелуан 37,7-рэ и уасэ унэлъащІэрэ техникэкІэ зэпэщ ящІынущ.

ЗэІущІэм щыхэплъащ КъБР-р къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 зэрырикъум и щІыхькІэ республикэм и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ я щІыпІэ щхьэхуэхэр гъэдэхэным хуэунэтІауэ ирагъэкІуэкІыну зэпеуэм и проектым. Абы тепсэлъыхьащ КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Унэжокъуэ Астемыр**. Республикэм и муниципалитетхэм я советым и зэгухьэныгъэм къыхилъхьа проектыр КъБР-м и Іэтащхьэм диІыгъщ. Зэпеуэм и къызэгъэпэщакІуэщ КъБР-м Ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министерствэмрэ муниципалитетхэм я советым и зэгухьэныгъэмрэ. Мы зэманым къызэгъэпэщыныгъэхэр йокІуэкІ, къэпщытакІуэ гупыр ягъэбелджылы.

Проектым текІуэдэнущ КъБР-м и Правительствэм и гъэтІылъыгъэ фондым щыщу сом мелуани 5. НэхъыфІу къалъытэ къуажи 10-м дэтхэнэми хуэззэу сом мин 400, къали 2-м дэтхэнэми сом мин 500 тыгъэ хуащІынущ.

ПсэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм ехьэлІауэ къэрал властымрэ щІыпІэ самоуправленэхэмрэ ялэжьхэм республикэм и цІыхухэр щыгъэгъуэзэным теухуауэ КъБР-м и Правительствэм къыхилъхьа проектыр къигъэнэІуащ Унэжокъуэм.

ЗэІущІэм къыщащтащ республикэм и жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ ІуэхущІапІэхэмрэ ядэлэжьэнымкІэ щыІэ къэрал программэм халъхьа зэхъуэкІыныгъэхэр. Ахэр игъэбелджылащ КъБР-м граждан жылагъуэ ІуэхущІапІэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ ІуэхухэмкІэ и министр **КІурашын Анзор**.

КъБР-м лэжьыгъэмрэ цІыхухэм социальнэу къащхьэщыжынымкІэ и министр **Асанов Алим** къызэхуэсахэм я гугъу яхуищІащ республикэм щыпсэухэм ядэІэпыкъуным хуэгъэза проектищым. Ахэр къыхилъхьащ КъБР-м и Правительствэм.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

---

Хэкупсэ гъэсэныгъэ

# Нэхъыжьхэр я щапхъэу

**КъытщІэхъуэ щІэблэр хэкупсэу гъэсэным гулъытэшхуэ егъуэт иужьрей зэманым. Апхуэдэщ къэралым и курыт школхэм блыщхьэ къэс УФ-м и Гимныр къыщегъэуэныр, а макъамэм щІэту ныпыр къэІэтыныр. А унэтІыныгъэм хиубыдэ Іуэхугъуэхэм ящыщщ фокІадэм и пэщІэдзэм еджапІэхэм щрагъэкІуэкІ хабзэ хэкупсэ дерсхэр.**

«ЛІЫХЪУЖЬХЭР ди гъуазэщ» фІэщыгъэр зиІэ апхуэдэ лэжьыгъэ щхьэпэ иджыблагъэ щекІуэкІащ Бахъсэн къалэм дэт курыт школ №2-м. НыбжьыщІэхэм къахуеблэгъат Урысейм и ЛІыхъужь Корольков Аркадий, и ныбжьэгъухэр и гъусэу. А хьэщІэ лъапІэхэм папщІэ школым и егъэджакІуэхэми еджакІуэ цІыкІухэми ягъэхьэзырат концерт купщІафІэ. НыбжьыщІэхэм ягъэзэщІащ хэкупсэ уэрэдхэр, зыхэщІыкІыгъуэу къеджащ усэхэм, лъэпкъ къафэхэм зэрыхуэІэзэр хьэщІэхэм ирагъэлъэгъуащ. Концерт нэужьым псори зэгъусэу еплъащ Урысейм и ЛІыхъужьым и гъащІэмрэ и зауэ гъуэгуанэмрэ теухуа фильм кІэщІ цІыкІу.

ЛІыхъужь цІэрыІуэр нэхъ гъунэгъуи зрагъэцІыхуащ школакІуэхэм. Абыхэм я упщІэ зэмылІэужьыгъуэ куэдым зэхэхауэ жэуап иритащ Корольковым. Псалъэмакъыр теухуат дзэм къулыкъу щищІэну щраджа илъэсхэм къыщыщІэдзауэ нобэрей зэманым нэс ЛІыхъужьым къикІуа гъуэгуанэм. УФ-м ІэщэкІэ ЗэщІэузэда и Дзэхэм я полковник Корольков Аркадий лІыгъэ зэрихьэу хэтащ лІэщІыгъуэ блэкІам и 90 гъэхэм ди къэралым щекІуэкІа зэпэщІэувэныгъэ ткІийхэм. УФ-м и Президентым и УнафэкІэ 2000 гъэм абы къыфІащауэ щытащ «Урысейм и ЛІыхъужь» цІэ лъапІэр, «Дыщэ Вагъуэ» медалри щІыгъуу. КъинэмыщІауэ, Корольковым къыхуагъэфэщащ «ЛІыхъужьыгъэм и орден», «Зауэ зэфІэкІхэм папщІэ», нэгъуэщІ къэрал дамыгъэхэри. Мы зэманым Корольковыр Москва щІыналъэм артиллериемрэ ракетэдзэхэмрэ я унафэщІым и къуэдзэщ.

- Ди еджапІэм къыщызэдгъэпэща нобэрей зэхуэсыр икъукІэ щхьэпэщ къытщІэхъуэ щІэблэр хэкупсэу гъэсэнымкІэ, - жиІащ школым и унафэщІ Нэгъуей Ахьмэд. – ФІыщІэ ин яхузощІ къытхуеблэгъа хьэщІэ лъапІэхэм, псом хуэмыдэу Урысейм и ЛІыхъужь Корольков Аркадий. Апхуэдэ лІыхъужьхэр зи гъащІэгъуазэ ныбжьыщІэхэм, шэч хэлъкъым, къахэкІынущ щалъхуа щІыналъэм, къэралым я ехъулІэныгъэм, зыужьыныгъэм гурэ псэкІэ хуэлэжьэну хэкупсэхэр.

ІэщэкІэ ЗэщІэузэда Къарухэм я къэралпсо зэгухьэныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ къудамэм къыхилъхьа жэрдэмыр и лъабжьэу къызэрагъэпэща Іуэхугъуэр апхуэдэу купщІафІэу екІуэкІащ. ЗэІущІэ гуапэм и кІэухыу абы хэтахэм фэеплъ сурэтхэр зытрагъэхащ.

Корольковыр апхуэдэу хэтащ Бахъсэн дэт курыт школ №1-м иджыблагъэ щекІуэкІа пэкІуми. Абы къыщызэІуахащ а школым и гъэсэну щытахэу, Украинэм щекІуэкІ зауэ операцэ хэхам хэту зи псэр зыта адыгэ щІалэхэм я цІэ-унэцІэхэр зытет фэеплъ пхъэбгъухэр. Апхуэдэхэт ЛІыхъужьыгъэм и орденыр зыхуагъэфэщахэу Шэт Андемыркъанрэ Къанщауэ Рэмэзанрэ, «Хахуагъэм папщІэ» медалыр зратахэу КІуэкІуэ Валерэрэ Къумыкъу Эдуардрэ.

А щІалэхэм я фэеплъыр щагъэлъапІэ зэхуэсым, хьэщІэхэм нэмыщІ, хэтащ Бахъсэн къалэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ Къардэн ФатІимэ, щІыпІэм и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Абазэ Хъусен, хэкІуэдахэм я адэ-анэхэр, Іыхьлыхэр, щІыпІэм и курыт школхэм я ІэщІагъэлІхэр, еджакІуэхэр. Абыхэм къабгъэдэкІ псалъэ гуапэ куэд щыІуащ зэхуэсым щІалэ-лІыхъужьхэм ятеухуауэ. ГукъэкІыжхэри щымащІэтэкъым пэкІум.

ЕджапІэм и унафэщІхэм зэрыжаІащи, школым и гъэсэну щыта щІалэхэм я гъащІэр, яхэлъа лІыхъужьыгъэмрэ хахуагъэмрэ щапхъэ нэс яхурырехъу абы нобэ щеджэ ныбжьыщІэхэм, щІыналъэм къитаджэ щІалэгъуалэм.

**КЪАРДЭН Маритэ.**

---

# Пасэрей хьэпшыпхэм я гъэлъэгъуэныгъэ

**Мэзкуу дэт РАН-м КъуэкІыпІэр джынымкІэ и институтым КъуэкІыпІэ щэнхабзэмкІэ и центрым фокІадэм и 29-м къыщызэІуахынущ пасэрей хьэпшыпхэмрэ литографиехэмрэ я уней гъэлъэгъуэныгъэ: «ЛІэщІыгъуищым я хъыбарыжьхэр» - адыгэхэр (шэрджэсхэр) XVII - XIX лІэщІыгъуэхэм ящІа урыс, хамэ къэрал графикэ лэжьыгъэхэм къызэрыхэщыр».**

ГЪЭЛЪЭГЪУЭНЫГЪЭМ утыку къыщрахьэну хьэпшыпхэр ейщ уней зыхуэхьэсакІуэ Тхьэзэплъ Мурат. Ар къызэрызэІуахым хуэгъэпса дауэдапщэхэр фокІадэм и 29-м сыхьэт 19-м екІуэкІынущ.

Іуэхум зригъэхьэлІэну зи мурадым Іэмал имыІэу «Легенды трех веков» интернет хэщІапІэм зыщригъэтхын е лъэІу тхыгъэ мы хэщІапІэмкІэ иригъэхьын хуейщ: info@legendi3vekov.ru

СМИ-м и лІыкІуэхэм дауэдапщэм хэтыну хуитыныгъэ къыщратынущ РАН-м КъухьэпІэр джынымкІэ и институтым информацэмрэ абы епха коммуникацэхэмкІэ и къудамэм.

Телефонхэр: +7 (903) 587-66-04, е мы электрон пощтымкІэ: navyman@mail.ru

Гъэлъэгъуэныгъэр зэхэтынущ фокІадэм и 30-м щегъэжьауэ жэпуэгъуэм и 9 пщІондэ. Ар зэзыгъэлъагъуну гукъыдэж зиІэ псори екІуалІэ хъунущ.



# «Мир»-м и дунейр нэхущ




***Къэрал зыбжанэ къызэщIэзыубыдэ «Мир» телерадиоIуэхущIапIэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 30 зэрырикъур егъэлъапIэ жэпуэгъуэм и 9-м. Апхуэдиз илъэс лъандэрэ каналым и журналистхэр махуэ къэс къытхутопсэлъыхь СНГ-м хыхьэ къэралхэм я гъащIэр зэрекIуэкIым. ХъыбарегъащIэ центрым и нобэрей лэжьэкIэр къэтщIэн мурадкIэ МТРК-м и унафэщI Батыршин Радик зыхуэдгъэзащ.***

**- «МИР»-р илъэс 30 ирокъу. Сыт и щытыкIэ нобэ телерадиоIуэхущIапIэм?**

- Иужьрей зэманым Урысейм къыщыдэдаIуэхэм я бжыгъэр тхукIэ бэгъуащ. Къэзахъстаным - хыкIэ. Ди каналыр къыщиубыд СНГ-м хыхьэ къэрал псоми дигу хэзыгъахъуэ щытыкIэ щыдолъагъу: Беларусым етхуанэ увыпIэ щытIыгъщ, абы къыщагъэлъагъуэхэм я Iыхьэ 4.9-мрэ къытлъысу. Къэзахъстаным - еханэ (6.9), Къыргъызстаным - еянэ (3.1). Урысейм иужьрей илъэсищым телеканалым къызэщIиубыдэ нагъыщэр 1.7-м щынэсащ. 20-нэ увыпIэм итар 15-нэм къыдэIэбеящ. «Мир»-м еплъхэм я бжыгъэм кIуэ пэтми хохъуэ. Урысейм а лъэныкъуэмкIэ 4-нэ увыпIэр щытIыгъщ. Нобэ къыдэплъхэр мелуани 184-м щIегъу. СНГ-мрэ Куржымрэ нэхъыщхьэу щылажьэ медиахолдингщ иджырей «Мир»-р. Абы хеубыдэ каналитI: «Мир», «Мир 24». «Мир» радиори, «Мир-Телепорт» хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэри хохьэ.

Дэ дытопсэлъыхь Евразием мыхьэнэ зиIэу щекIуэкIхэм. А лъэныкъуэмкIэ дыкъапщтэмэ, дэ нэгъуэщI зыми имыгъэзащIэ къалэн догъэзащIэ, зыри зытемыпсэлъыхьым дытопсэлъыхь. Псалъэм папщIэ, Таджикистаным къыщалъхуа сабийм щIыналъэм ис цIыхухэм я бжыгъэр мелуан зэрыригъэкъуам. Азербайджаным щыпсэухэр гъащIэ кIыхьу нэхъыбэрэ къыщIыщIэкIым. И гугъу дощI Вахш псыежэхым Рогун ГЭС зэрытращIыхьым. Ермэлы-куржы гъунапкъэм деж зэныбжьэгъугъэм и лъэмыж къызэрыщызэIуахым. Беларусым шэдмэракIуэ (клюквэ) губгъуэшхуэхэр зэрыщагъэкIым.

**- Фи илъэс 30-м фызэрыпежьа къыхуеджэныгъэр гукъинэжщ: «Дунейр нэхущ». Сыт абыкIэ яжефIэну фызыхуейр телевизореплъхэм?**

- «Дунейр нэхущ» лъэпкъ куэду зэхэт ди лэжьакIуэ гупым я фIыгъэкIэ. Дэ къудамэ 11 диIэщ, СНГ-мрэ Куржымрэ щызэбгрыдзахэу. Илъэс 30 хъуауэ «Мир»-м цIыхухэр щегъэгъуазэ щэнхабзэ, хабзэ, дауэдапщэ зэмылIэужьыгъуэхэм. Махуэ къэмынэу СНГ-м щекIуэкIым дытопсэлъыхь. Ди телевизореплъхэм фIыщIи пщIэи яхудощI. Псалъэм и хьэтыркIэ, мы гъэм хъыбарегъащIэ нэтынхэр абыхэм я лъэIукIэ къыдот псори тыншу щеплъыфыну сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-м.

Уз зэрыцIалэр зэрекIуэкI илъэсищым и кIуэцIкIэ дэ цIыхухэм я фIэщ тщIащ я гъащIэм нэхърэ нэхъ лъапIэ зыри зэрыщымы- Iэр. Къалэн зыщыдощIыж телевизореплъхэм медицинэ хъыбаркIэ дадэгуэшэну, ауэ дэтхэнэ зыри тыншу къагурыIуэн хуэдэу бзэ тыншкIэ гъэпсауэ. «Дунейр нэхущ» иджыпсту зэдгъэпэща ди логотипым, утыку дыкъызэрихьэ сурэтым и фIыгъэкIи. Абы къытощ каналыр къызэрацIыхуж фэ щхъуэкIэплъыкIэхэм къыхэщIыкIа фо безым уафэм къех ткIуэпс къызэрыхэткIуэр. Ар цIыхубэ зэкъуэтыныгъэм, хъыбарегъащIэ IэнатIэ псори зэрызэдэлажьэм я дамыгъэ хуэдэу аращ.

**- Сыт хуэдэ щIыкIэкIэ игъэлъапIэрэ «Мир»-м и махуэшхуэр?**

- А Iуэхури нэху зэрытщIыным иужь дитщ. 2022 гъэм цIыхухэр зэхэтшэну Iэмал къызэрыдитам и фIыгъэкIэ, дызыдэлажьэ щыхьэрхэм я махуэшхуэхэм епхауэ дэри дауэдапщэ щхьэхуэхэр едгъэкIуэкIыжащ. Псалъэм папщIэ, Баку щыIэ ди къудамэм и лэжьакIуэхэр уэрамым къыдыхьэри «пахлава», «шекребур», «гогол» хуэдэ шхыныгъуэхэр ягуэшу дэтащ. Санкт-Петербург щагуэшар нэгъуэщI IэфIыкIэщ - «корюшкэ» жыхуаIэр. Мэзкуу щекIуэкIа «Сабантуй»-м хъыбарыщIэхэр къэзыт ди журналист Камаевэ Гузель хьэлывэ щаригъэшхащ телевизореплъхэм. «Будь! Готовь!» нэтыныр езыгъэкIуэкI Журкин Александр, ар икIи лэгъупэжьщ, варенэкIэ заригъэтIыжащ. Алматы дэт ди къудамэм я тетIысхьэпIэхэр «Мир»-м къыдекIуэкI фэхэмкIэ ялащ. Ди куэдщ апхуэдэ щапхъэхэр.

Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэм ди каналым телевизореплъ цIыкIухэр къедгъэблэгъащ. Дэтхэнэ зыри хуит тщIащ диктору, корреспонденту, режиссёру, къинэмыщIу зыкъызыщигъэхъужыну.

**- «Мир» каналым зэрихьэ цIэм япэу уигу къигъэкIыр мыхьэнищщ: псапэ, дэIэпыкъуныгъэ, зыщIэгъэкъуэныгъэ.**

- Ар пэжщ. «Мир»-р цIыхухэм яхузэIуха каналщ. Сыт щыгъуи псапащIэ Iуэхухэм дыхэтщ. Махуэку къэс «псапэ махуэ» къызэIудох - а махуэм дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэ цIыхухэр утыку къыдошэ. Ди каналыр куэд щIауэ ядолажьэ псапащIэ IуэхукIэ пэрыт фондхэу «Живой», «Детские сердца», «Помоги спасти жизнь» хуэдэхэм. Куржым щыщ телевизореплъхэм я фIыгъэкIэ сом мелуани 10-м нэс зэхуэтхьэсри, сымаджэхэм ятедгуэшауэ щытащ.

**- «Мир 24» хъыбарегъащIэ нэтыныр урысыбзэкIэ интернетым щылажьэхэм ящыщу бжьыпэр зыIыгъи 100-м хеубыдэ. Сыт хуэдэ щIыкIэу зевгъэужьрэ бжыгъэр зи тегъэщIапIэ фи проектхэм?**

- 2021 гъэ лъандэрэ «Мир 24»-м ютубым щиIыгъ каналым «дыщэ кнопкэ» жыхуаIэм хуэдэ иIэщ, цIыху мелуани 155-рэ къызэреплъым къыхэкIыу. Иджыпсту а бжыгъэр тIукIэ бэгъуащ. Мыгъэрей мэлыжьыхьым ютубым «Мир»-м щеплъащ цIыху мелуани 155-рэ. Ди эфир занщIэм мазэм и кIуэцIкIэ зыпащIащ мелуани 5,5-м. Нэтын 14-м дунейпсо мыхьэнэ ягъуэтащ. Газымрэ гъэсыныпхъэмрэ я уасэр урысей сомкIэ зэрызэIэпахынум теухуа, «Вместе» программэм къыщыдгъэлъэгъуа нэтынхэм мелуани 8-рэ мини 191-рэ еплъащ. Телевиденэр кIуэдыжауэ схужыIэнукъым, ауэ интернетыр нобэ зэрыкъару нэхъыщхьэр тщIэуэщ дызэрылажьэр. Арыншэу пщэдейрей махуэ щыIэкъым.

*Епсэлъар* **КЪУДЕЙ Iэминэщ**.

## Республикэм и ныпым щIэту

КъБР-м и дзэ комиссар Будаков Антон хъыбар къыдегъащIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр» цIэр зезыхьэ мотострелковэ ротэмрэ радиоактивнэ батареемрэ процент 70-кIэ зэфIэува зэрыхъуар. Мазэрэ ныкъуэрэ хъуащ абыхэм Украинэм щекIуэкI зауэ Iуэхум хэт дзэхэм ябгъурыту къулыкъу зэрырахьэкIрэ. Дзэ гупым Республикэм и ныпыр яIыгъщ, ауэ я дамэтелъхэмрэ зауэлI дамыгъэхэмрэ езыхэр зыхиубыдэ дзэ Iыхьэм ейм хуэдэщ.

Республикэм зауэлIхэм защIигъэкъуащ Iуэху ублапщIэу сом мини 100 зырызкIэ. Я улахуэмрэ льготэхэмрэ УФ-м и сэлэтхэу зэгурыIуэныгъэкIэ къулыкъур езыхьэкIхэм ейм хуэдэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и дзэ комиссариатым запасым щыIэ, контракткIэ къулыкъу езыхьэкIыну хуейхэр ирегъэблагъэ. ЗэгурыIуэныгъэр пIалъэ кIэщIкIи кIыхькIи епщIылIэ хъунущ: мазищкIэ, зы илъэскIэ, илъэсищкIэ. Гукъыдэж зыщIахэр хагъэхьэнущ иджыпсту зэфIагъэувэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр» цIэр зезыхьэ 32-нэ мотострелковэ дивизэм. Къыхуеджэныгъэр «ЗауэлI къалэнымрэ дзэ къулыкъумрэ» хабзэм и унафэм щIэтщ. Контрактыр иращIылIэнущ УФ-м щыщу нэхъ пасэу дзэм къулыкъу щезыхьэкIауэ зауэлI нагъыщэ (звание) зиIэхэм. Дзэм хыхьэну хуейхэр щхьэж и псэупIэм къедза комиссариатым екIуалIэ хъунущ.

● ТхылъыщIэ

## Лъэхъэнэм и джэрпэджэжхэр




**«Мстиславрэ Редадэрэ: илъэс минхэм къапхыкI еплъыкIэ» - аращ зэреджэр Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапIэм иджыблагъэ къыщыдэкIа тхылъ гъэщIэгъуэным. Адыгэ тхыдэм и зы ныбз къызэзыгъэдзэкIыж къыдэкIыгъуэр щIэщыгъуэ ещI тхылъым къыщыIэта Iуэхугъуэхэр лъэхъэнэ жыжьэ дыдэхэм къызэрыщежьэм, урыс тхыгъэхэм ямызакъуэу, лъэпкъ щIэжми къаруушхуэ зэраIэм и щыхьэт зэрыхъум, ди нобэхэм къэса IуэрыIуатэхэр блэкIам и щIэжьыуэ хьэлэмэту зэрыщытым.**

ТХЫЛЪ тедзапIэм и унафэщI Котляров Виктор зэрыжиIэмкIэ, Тэмтэрэкъейкіэ зэджэ хэгъэгум, нобэ ТьмутараканкIэ нэхъыбэм яцIыху щIыпIэм, 1022 гъэм къуэшэгъухэмрэ урысхэмрэ щызэпэщIэуващ. Редадэ зи цIэ къуэшэгъу пщыдадэмрэ урыс джыназ Мстиславрэ лIыгъэкIэ зэрыгъэунэхуну, зым и лъэкIыр адрейм ейм нэхърэ зэрымынэхъ лъахъшэр и фIэщ ищIыну щызэпэщIэувэм, тIуми я пщIыхьэпэ къыхэхуакъым а щIакIуэкIапэ зэныкъуэкъур лъэпкъитIым гъунэгъу зэхуищIыну. Мстислав Редадэ хигъэщIами, лъэпкъхэм я зэхущытыкIэр иригъэкIэкIуакъым, атIэ урыс-адыгэ зэпыщIэныгъэхэм я ублапIэ хъуащ - урыс джыназым Редадэ и бынхэр зэришэлIащ, а щIыкIэмкIи къуэшэгъухэм благъэ захуищIащ. Редадэ и пщыгъуэмрэ езыр щытепщэ лъахэмрэ зэхигъэхьэри, ТэмтэрекъейкIэ зэджэ пщы жылагъуэ лъэщыр къэунэхуащ.

«ГъэщIэгъуэнращи, зауэлI пхъашитIым я зэныкъуэкъум, ахэр зэпэщIэт лъэныкъуитIым я пашэу щыт пэтми, ипэкIэ екIуэкIа зауэзэрылIхэр игъэужьыхащ, тхыдэм и пшагъуэ гуэрэным хригъэлъэсащ. Ар къэгъэнауэ, пщыхэм я щIакIуэкIапэр илъэс мин зи ныбжь урысей къэралыгъуэм и нэхупсщ, абы и макъри блэкIа жыжьэм джэрпэджэжу къоIукI. Мы гъэм зы мычэму илъэс мин ирокъу Мстиславрэ Редадэ щызэпэщIэува зэныкъуэкъур къызэрыхъурэ. Зауэ къимыкIами, абы цIыху цIыкIум мыхьэнэшхуэ иритащ, тхыдэм и дурэшплIэрэшхэми хэмыкIуэдэжу и хъыбарыр къэнащ. Зэманым цIэрыIуэ ищIа лIыхъужьитIым я гъащIэм, я дуней тетыкIэм, я политикэ гупсысэкIэм, я зэхуаку къихъуа зэныкъуэкъум теухуауэ лэжьыгъэ куэд дыдэ щыIэщ. Нобэр къыздэсым щIэныгъэм къэхутэныгъэщIэхэр щащI, гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ лъэпкъ гупсысэр тегъэщIапIэ зыхуащI къэгъэщIыгъэхэмрэ Iэпэщысэ телъыджэхэмрэ къыщIагъэщ. Езы зауэлIитIым я гуащIэр апхуэдизкIэ мыужьыхыжу тхыдэми щIэжми хэтщи, я цIэр щIыпIэ икIи IуэхущIапIэ куэдым фIащ - бгыщхьэхэм къыщегъэжьауэ ресторанхэм щыщIэкIыжу», - жиIащ Котляров Виктор.

«Мстиславрэ Редадэрэ: илъэс минхэм къапхыкI еплъыкIэ» тхылъыр Мстиславрэ Редадэрэ ятеухуауэ щыIэ тхыгъэхэм я зэужьу къэплъытэ хъунущ. Абы ихуащ къэхутэныгъэу щыIэхэм я нэхъыбэр. Псалъэм папщIэ, тхылъым къыщыбгъуэтынущ Лопатинский Лев, Трубецкой Николай, Турчанинов Георгий, Алексеевэ Еленэ, Гадло Александр сымэ я Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэ купщIафIэхэр. Абыхэм ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм щIэгъэкъуэни джэрпэджэжи яхуохъу Шортэн Аскэрбий, Къумахуэ Мухьэдин, Бейтыгъуэн Сэфарбий, Щхьэлахъуэ Дарико сымэ я Iэужьхэр.

ТхылъыщIэр бей ещI абы щызэхуэхьэса IуэрыIуатэ текстхэми, лъэпкъ литературэм и тхыгъэ нэхъыфIхэм къыхаха пычыгъуэхэми. Апхуэдэу зэуIуу тхылъым щызэхэтщ МэшбащIэ Исхьэкъ, Аргун Алексей, Адыгэ Тенджыз сымэ я романхэм щыщ Iыхьэхэр. ИпэжыпIэкIэ жыпIэмэ, тхылъыр сыт и лъэныкъуэкIи хьэлэмэт ящI абы Редадэрэ Мстиславрэ ятеухуауэ щыIэ сыт хуэдэ тхыгъэ лIэужьыгъуэри щызэкIэлъыхьауэ зэрыщытми.

«Мстиславрэ Редадэрэ: илъэс минхэм къапхыкI еплъыкIэ» зэужьыр Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапIэм и проектыщIэм - «Тхыгъэ къыхэхахэм я библиотекэ» жыхуиIэм - хэту къыдокI. Фигу къэдгъэкIыжынщи, нэхъапэкIэ а зэужьым хэту Шинкубэ Бэгърат и «ЖылакIэ», Шэджыхьэщэ Хьэмыщэ и «ЛъыщIэж», Щоджэн Аксанэ и «Къапхъэнхэмрэ пащтыхьыгъуэхэмрэ», Хамар-Дабанов Е. и «Мэзкуудэсхэмрэ адыгэхэмрэ» романхэр къыдэкIыжащ.

**ШУРДЫМ Динэ.**

## Мы махуэхэм

**ФокIадэм и 17,**
*щэбэт*

♦**Сымаджэхэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным и дунейпсо махуэщ**

♦**1941 гъэм** ВКП (б)-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым унафэ къищтащ республикэм щыщу цIыху 450-рэ Дзэ Плъыжьым и десантыдзэм игъэкIуэну.

♦**1877 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ, КIыщокъуэхэ Рашидрэ Алимрэ я адэ **КIыщокъуэ Пщымахуэ**.

♦**1888 гъэм** къалъхуащ жылагъуэ лэжьаIуэ, Истамбыл къыщыдэкIыу щыта «Гъуазэ» газетым и япэ редактор **Цагъуэ Нурий**.

♦**1940 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м, КъШР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **БакIуу Хъанджэрий**.

♦**1948 гъэм** къалъхуащ УФ-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ **Ачмыжь Мариет**.

♦**1979 гъэм** къалъхуащ «Адыгэ псалъэ» газетым и къудамэм и унафэщI, Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист **Щхьэщэмыщ Изэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэтекIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 29-рэ, жэщым градус 18 - 19 щыхъунущ.

**ФокIадэм и 18,**
*тхьэмахуэ*

♦**Псым и фIагъыр къэпщытэным и дунейпсо махуэщ**

♦**1906 гъэм** къалъхуащ шэрджэс тхакIуэ, СССР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэта **Хьэбэчыр БетIал**.

♦**1947 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ артисткэ **Мэшыкъуэ Феня**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 30 - 32-рэ, жэщым градус 18 - 20 щыхъунущ.

**ФокIадэм и 19,**
*блыщхьэ*

♦**1544 гъэм** къалъхуащ Урысейм и пащтыхьым и щхьэгъусэу щыта **Идар Гуащэнэ**.

♦**1937 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, публицист, КъШР-м и цIыхубэ тхакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **АбытIэ Владимир**.

♦**1952 гъэм** къалъхуащ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэу щыта, УФ-ми КъБР-ми я щIыхь тхылъхэр зрата **ЛIыгъур Хъусен**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 27-рэ, жэщым градус 16 - 17 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ**.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**ФIы щIэи, псым хэдзэ.**

Ди псэлъэгъухэр

## ТХЬЭЩЫГЪУЕЙ Жаннэ:

# Лъэпкъым и насыпыр ар псэкІи цІыхукІи узыншэнырщ





**ІутІыж Борис и тхыгъэмкІэ ягъэува «Хьэпэщыпхэ» спектаклым Щэрмэт Людмилэ, Тхьэщыгъуей Жаннэ, КІарэ Ларисэ сымэ щоджэгу.**

***ЩоджэнцІыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и лэжьакІуэ пажэ, ди республикэм щІыхь зиІэ и артисткэ Тхьэщыгъуей Жаннэ зыпэрыт Іуэхум зэрыхуэІэижьым кърыдэкІуэу езыр хьэлэлщ, гумызагъэщ, жиІам тебгъуэтэж цІыхущ, псэлъэгъу гъэщІэгъуэнщ. Ар щыджэгуащ Грушас Йозас и «Любовь, джаз и чёрт», Стратиев Станислав и «Автобус», Башбеков Шараф и «ГъущІым къыхэщІыкІа цІыхубз», Уильямс Теннеси и «ХъуэпсапІэм и трамвай», Нало Заур и «Къру закъуэ», «ІэфІынэ и нэ фІыцІитІыр», Гольдони Карлэ и «Трактир гуащэ», ІутІыж Борис и «Дамэлей», «Хьэпэщыпхэ», Толстой Алексей и «Пащтыхьымрэ пащтыхь гуащэмрэ», Дюрренматт Фридрих и «Визит старой дамы» спектаклхэм, нэгъуэщІ Іэджэми. Хъыджэбз цІыкІум хэлъ хабзэ хьэлхэм къадэкІуэу, щэнхабзэм, гъуазджэм я лэжьакІуэ цІэрыІуэ куэд и благъэхэм зэрахэтым, шэч хэмылъу, ижь къыщІихуащ ар артисткэ хъуным.***

**– Уи гъащІэм щыщу нэхъ ІэфІ дыдэу уигу сыт къинэжар, Жаннэ?**

– Дэтхэнэ цІыхум и дежкІи апхуэдэ пІалъэр и сабиигъуэрауэ къысщохъу. Сэри абыхэм сащыщщ. Ди адэшхуэм деж къуажэм сыщыкІуэжкІэ кІэнфет, ІэфІыкІэ хуэдэхэр гъэтІылъыгъэ схуищІауэ сынигъэсыжырт. Зыми ямыщІэу дэ тІум гъэпщкІупІэ диІэт. Унагъуэм сызэрыщынэхъыщІэм къыхэкІыу тІэкІуи сагъафІэрт, куэди къысхуашэчырт.

Унагъуэ къызэрыгуэкІ щыІэххэу щытмэ, сэ сыкъызыхэхъукІар апхуэдэщ. Зыхэслъхьэ щымыІэ си анэшым – Жанхъуэтхьэблэ – гъэмахуэр щызгъакІуэрт. Куэдрэ согупсыс сыкъызыхэкІам, Іэджэрэ си нэгу къыщІохьэ си сабиигъуэм и Іыхьэ зэмылІэужьыгъуэхэр. Псалъэм папщІэ, зэи сщыгъупщэркъым си адэм дэслъэгъуахэр, нобэми согъэщІагъуэ абы и зэфІэкІхэр. Егъэлеяуэ ІэпщІэлъапщІэт ар, и Іэм имыщІ щыІэкъым жыхуаІэм хуэдэт. ВакъащІэт, гъущІ зэпигъэвэфырт, пхъащІэ Іэзэти, теплъэ зэмылІэужьыгъуэ нэгъунэ пхъэм къыхищІыкІыфырт, а псом къыдэкІуэу ІэфІу пщафІэрт, джэгуакІуэшхуэти, и гушыІэхэр зылъэмыІэса благъэхэмрэ гъунэгъухэмрэ яхэттэкъым. Иджыпсту си дэлъхум соплъри, ди адэм ещхь куэд дызолъагъу, абы хуэмыдэ дыдэми, ІэкІуэлъакІуэщ, ІэпщІэлъапщІэщ.

Си адэшхуэр гъукІэу къуажэм дэсащ, бжьахъуэу щытащ. Си анэшхуэр пшынауэ Іэзэт, щыпсэуа зэман жыжьэм япэ къэсым ирату щымыта щІыхь тхылъ къыхуагъэфэщауэ. Абы и пшынэр нобэр къыздэсым ди унагъуэм щыдохъумэ.

Си адэ Назир къыщалъхуа Зэрэгъыж жылэмрэ ар къызытепщІыкІыжа Жанхъуэтхьэблэрэ цІыху цІэрыІуэ куэд къыдэкІащ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщІэ, щэнхабзэм, гъуазджэм, литературэм я лэжьакІуэ гъуэзэджэхэу Болэ Мурат, КъардэнгъущІ Зырамыку, Мысостышхуэ Пщызэбий, Темыркъан Юрэ, ІутІыж Борис сымэ, нэгъуэщІхэри.

Псоми фІыуэ фцІыху, КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министру щыта Фырэ Руслан си адэ шыпхъум и къуэт, Сонэ Мухьэрбийрэ си адэмрэ зэшыпхъуитІым я бынт, УФ-м щІыхь зиІэ и артист Балъкъыз Валерэрэ сурэтыщІ цІэрыІуэ Црым Русланрэ си анэ шыпхъухэм я бынщ. Абыхэм сакъыхэхъукІауэ схужыІэнукъым, атІэми щІэх-щІэхыурэ сахуэзэрт, я ІуэхущІафэхэм сыщыгъуазэт.

Фырэ Руслан Москва щеджэу я художественнэ унафэщІ Калиновский Леонидрэ абы и щхьэгъусэмрэ Налшык къэкІуат загъэпсэхуну. Абыхэм сыкъафэу, уэрэд жысІэу сыкъыщалъагъум, схэлъ гуэрым гу лъатагъэнти, курыт еджапІэр къызэрызухыу Москва актёр ІэщІагъэм сыщыхуеджэн хуейуэ къызжаІат. АрщхьэкІэ абы кууэ сегупсысакъым. Школ нэужьым илъэс ныкъуэкІи сылэжьауэ, а къызжаІари сІэщІэхужауэ, Щукиным и цІэр зезыхьэ Театр училищэм ягъэкІуэну адыгэ студие къыхахырти сыхыхьащ, илъэсиплІкІэ (1984 - 1988 гъэхэм) Москва сыщеджащ. Стромов Юрий си гъэсакІуэу щытащ, къызэрызгъэзэжрэ театрым сыщолажьэ.

**– Уи лэжьыгъэм и ІэфІыр сыт?**

- «Сэ артист сыхъункъэ, артисту сылэжьэфынкъэ» жаІэу зэхыбох, ягурэ я щхьэрэ зэтелъу. Іуэхур укъэзыухъуреихьырщ: театрхэр, абы щыджэгу артист лъэщхэр, выставкэхэр, концерт-хэр... Абыхэм къуатыр зы егъэджакІуэми къуитыфынукъым, уеджэ къудейкІи къыппкърыхьэнукъым. Абыхэм къапкърыкІ хъугъуэфІыгъуэ, ІэфІ псомкІи сыгъэнщІауэ, си къарум сыкъигъэгугъэу, гукъыдэжышхуэ сиІэу си хэку къэзгъэзэжат, ди къэралым и къалащхьэм сыкъэнэну къысхуагъэлъэгъуа пэтми. Театрым нэмыщІ концертхэр щезгъэкІуэкІыу сыщылэжьащ телевиденэми радиоми. Псом хуэмыдэу сропагэ Баший Ритэ и гъусэу Нало Заур и ІэдакъэщІэкІхэм щыщхэр радиом щезгъэтхауэ зэрыщытам. Апхуэдэщ сабий рассказхэр, «ІэфІынэ и нэ фІыцІитІыр», «Къру закъуэр», нэгъуэщІхэри.

Сэ видеокІэ страхахэм сеплъыжынуи, си макъым седэІуэжынуи зэи сфІэфІкъым, ауэ мы лэжьыгъэхэр апхуэдизкІэ си гум, си псэм дыхьащи, пхужымыІэным хуэдизщ. Иджыри зэ хьэкъ сщыхъуащ Заур цІыху щэджащэу, егъэлеяуэ бзэ къулей Іурылъу, гений жыхуаІэм хуэдэу дызэриІар. ФІыщІэм и нэхъыбэр зейр Ритэщ, абы макъамэ щІигъэувахэмрэ а нэтынхэр зэригъэщІэрэщІамрэ гъэщІэгъуэнышщэщ.

**- Сэ къызэрысщыхъумкІэ, гъащІэр Іыхьэ-Іыхьэу, пкъынэ-пкъынэу зэхэлъщ, зыр иухыу адрейм къыщыщІидзэри цІыхум псэкІи гукІи къыгуроІуэ, дэтхэнэми езым и еплъыкІэ хуиІэжщ. Ар зыгъэунэхуахэм уащыщщ, Жаннэ.**

- 1992 гъэм аварие сыхэхуэри, псоми зихъуэжащ. Абы щыгъуэ цІыхупсэр зэрымахэр къэсщІащ, япэм къысфІэмыІуэхуу щытахэм сегупсыс хъуащ. ГъащІэм ущриудэкІкІэ, нэгъуэщІынэкІэ псори плъагъун щІыбодзэ – цІыхухэр зэрызэхэтри, уэ езым къызэрыпхущытри нэхъ зыхыбощІэ.

**– Актёр къэсыху и лэжьыгъэхэм нэхъ хигъэфІыкІ, и гум, и псэм дыхьэ роль иІэу къыщІэкІынщ. Апхуэдэу къыхэбгъэщхьэхукІхэр дэтхэнэхэра?**

- Мис мыр нэхъыфІу, адрейр нэхъ Іейуэ солъагъу схужыІэнукъым, дэтхэнэми уи псэ щыхэплъхьэкІэ, абы уиту ущыпсэукІэ. Пэжщ, фІыуэ сымылъагъу сиІэщ, ауэ ахэр, си гуапэ зэрыхъунщи, куэд хъуркъым. Псалъэм папщІэ, ЛІыхэс Мугъдин и «Лъагъуныгъэ мыужьыхыж» лирикэ гушыІэм къыщыІэта темэр апхуэдизкІэ жьыт, зыкІи ди гъащІэм къекІуалІэртэкъыми, ара къыщІэкІынщ си акъылым къыщІысхуимыщтар.

Эдуардо де Филиппэ и лэжьыгъэм къытращІыкІа «ЦІыхущ икІи джентльменщ» гушыІэр езыр егъэлеяуи сигу ирохь икІи фІы дыдэу солъагъу, ауэ абы щызгъэзэщІар ар зыгъэува Калиновскэм мыхьэнэшхуэ зримыта ролщ. Си щІалэгъуэкІэ, си гукъыдэжкІэ сщІати, абы къытенауэ йокІуэкІри тІэкІу сегъэІэнкун.

**– Илъэс зыбжанэ ипэкІэ бгъэуvaуэ щытащ уи ІэдакъэщІэкІ пьесэр зи лъабжьэ, «Уи фызыр ибгъэкІыжыну ухуей?» зыфІэпща спектаклыр.**

– АхъшэкІэ къыздэІэпыкъуни къэзгъуэтщ, артистхэри къесшалІэри, тэмэм дыдэу дгъэхьэзырат а лэжьыгъэр. Пэшым щІэзу цІыху къекІуэлІауэ ар тІэу щыдгъэлъэгъуащ ЩоджэнцІыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей драмэ театрым. Иужьым, щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэм къыхэкІыу, тІэу фІэкІа утыку къитхьэжыфакъым. ФІыщІэ лей яхуэсщІыну сыхуейщ си зэфІэкІыр зи фІэщ хъууэ а Іуэхур къыздэзыІыгъа артистхэм.

«УокІуэдыпэ мыгъуэри, адыгэ лъэпкъ» псалъэхэр зи кІыхьагъкІэ щыпхыша, зи гупсысэ нэхъыщхьэ, гушыІэ щабэ зыщІэлъ спектаклыр иджыпстуи цІыхухэм зэрафІэщІэщыгъуэнум шэч хэлътэкъым.

Ди зэманым пэджэжу, ди цІыхухэм яфІэгъэщІэгъуэныну иджыри зы пьесэ сиІэщи, зэгуэр ари утыку къисхьэфыну сыщогугъ.

**- Иужьрей зэманым пщІа лэжьыгъэхэм я гугъу уэзгъэщІынут, Жаннэ.**

- Битокъу Владимир триха «Глубокие реки» фильмым хэт бзылъхугъэм и макъыр щІэслъхьащ, Емкъуж Анзор сригъэблагъэри, режиссёрым Къамылыкъуэ къуажэм щытриха художественнэ фильмым сыхэтащ. Канадэм щекІуэкІа кинофестивалым щагъэлъэгъуа, кинотеатрхэм къыщата «Невиновен» фильмым щызгъэзащІэ ролыр инкъым, ауэ фильмым и кІыхьагъкІэ щыпхышащ. Зи къуэр Москва щаукІа бзылъхугъэм и образращ сызэрытыр. Пэжыр жысІэнщи, сышынэрт ролыр къэсщтэн, сыгуитІщхьитІт. АрщхьэкІэ ІутІыж Борис и «Хьэпэщыпхэр» щигъэувым Анзор къызигъэза дзыхьыр, си зэфІэкІыр хьэкъыу и фІэщ хъууэ къызэрыздэлэжьар сщІэжырти, схуэгъэщІэхъуакъым икІи сыхущІегъуэжакъым.

**– Сыт хуэдэ спектаклхэм ущыджэгуну нэхъ пфІэфІ, Жаннэ?**

– Тхыдэр зи лъабжьэ спектаклхэр зыхэслъхьэ щыІэкъым, псом хуэмыдэжу лъэпкъ фащэ дахэхэр щащыгъхэр. Апхуэдэу къыхэбгъэщ хъунущ Къардэнгъущ Зырамыку и «Къанщобийрэ Гуащэгъагърэ» (зыгъэувар Теувэж СулътІанщ), ІутІыж Борис и «Дамэлей» (ХьэщІэгъуэгу Къэсей) пьесэхэм къытращІыкІахэр, иужьрейуэ сыщыджэгуахэм ящыщ «Пащтыхьымрэ пащтыхь гуащэмрэ» (Фырэ Руслан).

Толстой Алексей и пьесэмкІэ театрым игъэувыжа «Пащтыхьымрэ пащтыхь гуащэмрэ» ехьэлІауэ гузэрыдзэ щІэсщІа щыІами, Гуащэнэ и ролымкІэ жысІэну сызыхуеяр театреплъым деж нэсхьэсыфауэ къысщохъу. Си псэм щыщІар къыздэІэпыкъуагъэнри хэлъщ утыкум къисхьэ образым ерыщу селэжьынымкІэ, бзылъхугъэм и гъащІэр къэспсэунымкІэ. Хъыджэбз щІалэр политикэ Іуэху щхьэкІэ щытыкІэ гугъум ирагъэуваүэ, уеблэмэ абы я щхьэ кърагъэхужауэ жыпІэ хъунущ. Ауэ а псом емылъытауэ, сэ сыхущІэкъуащ ар лей зытехьа мыхъуу, зи лъэпкъыр, къыдалъхуахэр фІыуэ зылъагъу бзылъхугъэу, щхьэгъусэ зыхуэхъуа пащтыхьым и дэІэпыкъуэгъу пэжу, и щІэгъэкъуэну зэрыщытар къэзгъэлъэгъуэну. Грознэр зы зекІуэ иригъажьэртэкъым езыр щІымыгъуу, езы цІыхухъуми къыгурыІуэрт щхьэгъусэр къызэрыхущытри аращ, шэч хэмылъу, апхуэдиз илъэскІэ ахэр щІызэбгъэдэсар. Иужьрей зэманым Гуащэнэ тепсэлъыхьхэр, ар къызыхэщ фильм зыгъэувхэр адыгэ хабзэм, сабийр ди лъэпкъым зэригъасэу щытам жыжьэуи гъунэгъууи хэзымыщІыкІхэрщ, къэбэрдеипщым ипхъуу ущытыныр зищІысыр къызыгурымыІуэхэрщ. Ахэр псори зэпкърыхыпхъэщ, Іуэхур кууэ къыщІэбгъэлъэну ухуеймэ. Сыт хужамыІами, сыт хуэдизу ягъэлъэхъшэну хэмытами, пэжыр пэжщ – ар лъэпкъым и псэкупсэ цІыхущ, гъуазджэм сыхуэлэжьэху а образым гукІи псэкІи сыхуэпэжынущ.

**– Театрым и артистхэр ирехъу, къэфакІуэ, уэрэджыІакІуэ гупхэм хэтхэрауи щрети, ахэр гулъытэ зэрыщымыщІэр, уэрамым къызэрыщацІыхужыр дощІэ. ЯзыныкъуэхэмарфІэфІынкІи мэхъу, адрейхэр зэгуигъэпынри хэлъщ.**

– А Іуэхум сигурэ си щхьэрэ зэтелъу сыбгъэдохьэ (*мэдыхьэшх* – **И. З**.). СыкъащІэжрэ – си гуапэщ, щІысфІэфІри сэ къысхуащІ гулъытэракъым, атІэ абы театрым цІыхухэр зэрыкІуэр къызэригъэлъагъуэрщ. Уи жагъуэ хъун псалъэ къущадзыни щыІи! ЖыпІэнурамэ, уартистыным жэуаплыныгъэшхуэ пылъщ, уи зыхуэпэкІэми, уи псэлъэкІэми, уи зыІыгъыкІэми цІыхухэр къыкІэлъоплъ. Ар зэран къысхуэхъуу къэслъытэркъым, си гупсысэ, си ІуэхущІафэ хэзыщІыкІыну хуей псоми хуиту сопсалъэ.

**- Сыт уи хъуэпсапІэ?**

- Си лэжьыгъэ ІэнатІэм ехьэлІахэм ящыщу «билет щыІэж?» жаІэу театрым цІыхухэр къэпсэлъэнырщ си хъуэпсапІэ нэхъ ин дыдэр. Ди гуапэ зэрыхъунщи, икъукІэ театраплъэ гумызагъэхэр диІэщ иджыпсту. Спектаклыр япэу щыдгъэлъагъуэм и закъуэкъым, адрейхэми пэшым щІэзу цІыхухэр къокІуалІэ.

Владикавказ щыщ режиссёр Иванов Валерий адыгэ театрым кърагъэблагъэри, Дюрренматт Фридрих и «Визит старой дамы» тхыгъэм къытращІыкІа спектакль игъэуvaуэ щытащ илъэс зыбжанэ ипэкІэ. ЯфІэгъэщІэгъуэну, яфІэщІэщыгъуэу артистхэр абы зэрыщыджэгуами, цІыхухэр зэреплъами пцІы хэлъкъым. Ауэ зыгуэр зэхуэхъуакъым, ар гъэлъэгъуэн щагъэтащ. Образри спектаклри апхуэдизкІэ сигу ирихьу сыджэгурти, зыщызгъэнщІыртэкъым. Артистыр артист хъун щхьэкІэ мис апхуэдэ пьесэ гуэрхэм щыджэгун хуейщ Іэмал имыІэу. Армыхъумэ, хэплъхьэр къэзылэжьыжхэм я закъуэкІэ зэфІэкІынукъым, классикэншэу театр щыІэфынукъым.

Щукиным и цІэр зезыхьэ училищэр Москва къыщызыухыу къэзыгъэзэжа артистхэм ехьэлІауи си нэр къызыхуикІхэр щыІэщ. ЩІалэгъуалэ дахэщ, узэхах, яжепІэну узыхуейр къагуроІуэ, зэхащІыкІ, Тхьэм и шыкуркІэ. ЗышыІэныгъэ тІэкІу нэхъыбэу яхэлъыну, зызэтраубыдэу я лэжьыгъэм нэхъ трагъэщІэну сыхуейт. Лъэпкъ хабзэр, бзыпхъэр ди хъыджэбзхэмрэ щІалэхэмрэ я деж куэду щыслъагъуну аращ сызыщІэхъуэпсыр. Я бзэр Іейкъым, нэхъыфІыж хъуну сфІэкъабылщ. Адыгэбзэр уэрсэру, гъэхуауэ къыщыбгъэсэбэпыныр щыІэмалыншэ ІуэхущІапІэщ театрри, ар фІы дыдэу умыщІэрэ зэхыумыщІэу, абы уримыпсалъэрэ уримыгупсысэу утыкум укъыщІихьэн щыІэкъым.

**- Сыт хуэдэ спектакль ущыджэгуну ухуейт?**

- Щхьэфэд мыхъуу, псэкупсэ, философие спектакль кууу. Апхуэдэу жысІэми, роль цІыкІухэми Іэджэ хэплъхьэн зэрыхуейр къызгуроІуэри, абыхэми я пщІэр схуеудыхынукъым.

Лэжьыгъэ купщІафІэу си гум къинащ Къэшэж Иннэ и фэеплъ пшыхьыр (режиссёрыр Фырэ Руслант), сэрэ КІэхумахуэ ФІатІимэрэ Иннэ и ролыр щыдгъэзэщІар. Лохвицкий Михаил и «Уафэгъуагъуэ макъым» къытращІыкІа «Адэжь щІыналъэм и гъыбзэ» спектаклыр-щэ?! «Пащтыхьымрэ пащтыхь гуащэмрэ» щызгъэзащІэ Гуащэнэ и ролыр зэрысщІынур сщІэртэкъым, абы сызэрыбгъэдыхьэр пэжрэ сыщыуэрэ къызгурыІуэртэкъым. Зы махуэ гуэрым Руслан къехь Свиридовым и макъамэ... Ар зэрызэхэсхыу, шахматым и пкъыгъуэхэм ещхьу, псори и пІэм иуващ, сызэрыджэгунури, зэрызызгъэзэнури, сыкъызэрихьэнури, сызэрыпсэлъэнури зэуэ къызгурыІуащ.

**- Узыдэлэжьахэу хэт сымэ уигу нэхъ къинэжа?**

- Режиссёр куэдым садэлэжьащ сэ. Апхуэдэхэщ Теувэж СулътІан, Теувэжыкъуэ Владимир, ХьэщІэгъуэгу Къэсей, Солцаев Мималт, Кове Валерий, Шэрджэс Мухьэмэд, Дэбагъуэ Роман, Емкъуж Анзор сыми, дэтхэнэ зыми сахуэарэзыщ, абыхэм я лэжьэкІэм, я Іуэху бгъэдыхьэкІэм ижь гуапэ къысщІихуауэ къызолъытэ.

**- Сытым уигъэгузавэрэ?**

- Дунейм цІыху тет къыщІэкІынкъым, абы щыгъуэми лъэпкъ мащІэхэм къыхэкІам, и бзэм, и хабзэм я зехьэкІэм имыгъэгузавэ, щІэблэм я гъэсэныгъэм имыгъэпІейтей. Си жагъуэ мэхъу дахагъэм щІалэгъуалэр зэрыхуемыІэр. Ар къыщежьэ унагъуэм дэтхэнэ зы цІыхуми гъэсэныгъэр щигъэнэхъапэу хабзэр щызэрахьэну сыхуейт. Дин псоми, хабзэу хъуами я лъабжьэр зыщ: умыукІ, къыумыгъапцІэ, умыдыгъуэ... Зыри къэгупсысын хуейкъым, мис абыхэм щІэпІыкІыпхъэу аращ. Быным жраІэ къудей мыхъуу, щапхъэ ирагъэлъагъутэмэ, Іуэхур абыкІэ пхуэхъуэжыну къысщохъу. Лъэпкъым и насыпыр ар псэкІи цІыхукІи узыншэнырщ – игъащІэми жаІэри «лъэпкъ узыншэ Тхьэм дищІ».

Ди театрыр лъэпкъ театрщ. «Фащэ ящыгъыу адыгэ спектакль щхьэ къэвмыгъэлъагъуэрэ», – жаІэурэ абы щылажьэхэм щеупщІ куэдрэ къохъу. Хэтыт абы хуэмейр?! Апхуэдэу щыІэ пьесэхэр щэрыщэ-плІэрыплІэ ягъэувакІэщ, тхыгъэщІэ щыІэкъым. Ауэ, узэджэр къокІуэ жаІэри: Сыхуейт ди джэгукІэри, ди псэлъэкІэри щІэрэщІэну; Сыхуейт зыкъэгъэлъэгъуэкІэм дунейпсо гъуазджэм ижь къыщІихуну; Сыхуейт нобэрей гъащІэм пэджэж адыгэ пьесэщІэхэр ятхыну; Сыхуейт а тхыгъэхэм лъэпкъыр игъэхъуэпсэну! Хъуапсэ и псэ кІуэдкъым!

*Епсэлъар* **ИСТЭПАН Залинэщ**.

# Зэныбжьэгъухэр

Пщыхьэщхьэм зэныбжьэгъухэр уэршэру я пщыIэм къытехьэжащ. Ахэр ешат. Махуэ псор Iэщыхъуэхэм я дэIэпыкъуэгъуу, къыщыдэхуэхэм деж, дыгъафIэ джабэ нэкIум мэракIуэ къыщалъыхъуэу, бгы щыгум зэрыдэхьейрэ щызэрызехьэу ягъэкIуащ.

Пщыхьэщхьэшхэ ящIа нэужь, замыIэжьэжу щIалэ цIыкIуитIыр гъуэлъыжащ. Куэд мыщIэу Ахьмэд и пырхъ, Iуэщхъу макъхэр къэIуащ, жей Iувым зэрыхилъэфар къыуагъащIэу. Зубер абы зыдищIу гъуэлъыжами, и жеин къакIуэртэкъым. Махуэ зыбжанэ хъуауэ ахэр Къущхьэхъу щIыналъэм итт. Къуажэ Iэщым пэрыту зи гъащIэр къэзыхьа Хьэмидрэ Темыррэ къыздыдашат щIалитIыр я дэIэпыкъуэгъуу: мы гъэм Iэщыр куэд хъурт, хъушэр инт, цIыхуитIкIэ узыпэмылъэщын Iуэхут.

Къущхьэхъум щигъакIуэ гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ махуэхэр Зубер и дежкIэ гуимыкIыжт. БалигъыпIэ иувэу щIэзыдза щIалэ щхьэпэлъагэм Iэпкълъэпкъ дахэ иIэт: плIабгъуэт, и бгы псыгъуэм гъурыфэ къытригъауэми, зэкIужт. КъыщопсалъэкIэ, и пыжьынэхэр гуапэу уи нэкIум къыщIэплъэрт. А щIалэ лъагъугъуафIэр и ныбжьэгъухэм фIыуэ къалъагъурт. Мы щIыпIэм дахагъэу дилъэгъуам зи жейр трихуа щIалэщIэр гупсысэ куум хыхьащ. Абы и нэгу къыщIыхьэжащ щыцIыкIум и адэм мэкъуауэ здишэу зэрыщытар. Пщэдджыжь нэмэзым шы закъуэгур зэщIащIэрт, Iэмэпсымэзыхуеи-ну псори иралъхьэрт, и анэм яхуигъэхьэзыра гъуэмылэри къыздащтэрти, Аурсэнтх лъэныкъуэмкIэ яунэтIырт. Адэм, зэрихабзэу, дзапэ уэрэд кърищын щIидзэрт; зи жейбащхъуэр иджыри темыкIа Зубер цIыкIуи абы фIэфIыпсу едаIуэу я гъуэгур хагъэщIырт. ЖэщкIэ къемыхыжу пщыIэр псэупIэ зыщIа мэкъуауэхэм гъунэгъу зэрахуэхъуу, и адэ Аслъэн дзапэ уэрэдыр щигъэтырти, пщэдджыжь сэлам гуапэр ярихырт. Зи жейр теуа щIалэ цIыкIури гушхуэу, «Флъагъурэ, сэри лIы сыхъуащ, мэкъуауэ сокIуэ» жыхуиIэ щIыкIэу, мащIэу зыкъытриIэтыкIырт, псоми гу зылъригъэтэн гугъэ иIэу.

ЩIалэ цIыкIур фIэгъэщIэгъуэну еплъырт адэм аргъынэхэр захуабзэу зэрыригъэтIылъэкIым, шэмэджым и пыупщI макъми щIэдэIун фIэфIт. Ауэ, пщIэнтIэпсыр зи напэм къекIуа адэм щыIуплъэкIэ, Зубер цIыкIу занщIэу нэщхъей къэхъурт. «Ин сыхъумэ, адэм мэкъу сыдеуэнщ. ТIу дызэрыгъэхъумэ, апхуэдэу гугъу ехьынтэкъым», - егупсысырт илъэсихым ит щIалэ цIыкIур.

Зубер и гур занщIэу къыхэузыкIащ: иIэжкъым и адэр. Шызакъуэгум удз цIынэр из ищIауэ мэкъуауэ къыздикIыжым, гъуэгум зы бажэ къытелъэдащ. Шыр щтэри зричащ, къуэм щхьэщылъадэри, зэрызэгъусэу щыхуащ. Адэм и псэр пыту къагъуэтыжа щхьэкIэ, дохутырхэм къахуегъэлакъым. А псори зи нэгу къыщIыхьэжа Зубер и нэпсхэр къыфIыщIэлъэлъырт, пэмылъэщу. Зыгуэрым къилъагъу нэхъей, шхыIэн щIагъым зыщIигъапщкIуэри, и нэхэр зэпилъэщIыхьащ, и гур игъэбыдэри, гупсысэн щIидзэжащ.

Илъэс пщыкIузым иту адэншэу къэна щIалэ цIыкIур унагъуэм я нэхъыжьт, и анэ ДэIимэти куэдкIэ къыщыгугъырт абы. Лэжьыгъэм хуэIэкIуэлъакIуэу къэхъурт Зубер. Iуэхуншэныр зыфIэмыфI щIалэр лэжьыгъэ къыкъуэкIам занщIэу арэзы техъуащ. Улахуэ хъарзынэкIи къагъэгугъати, щыгуфIыкIырт и анэм дэIэпыкъуэгъу зэрыхуэхъунум. ДэIимэти, пIейтеиныгъэ гуэрым зэщIиIыгъэми, и къуэм и мурадыр диIыгъащ. Сыт хуэдэ гуфIэгъуэ зэрихьэрэт Зубер и ныбжьэгъу Ахьмэд и гъусэну къыщищIам! ЗэныбжьэгъуитIыр зэкIэрымыхуу, зыр здэкIуэр адрейми и кIуапIэу, гъащIэр зэдахьырт.

Жей Iувым хэт щIалэр пщэдджыжьым къэушыгъуафIэ хъуну къыщIэкIынтэкъым, Ахьмэд псы щIыIэ фалъэшхуэкIэ къемыгуэуауэ щытамэ. Зубер, зэрыхэжеяр щхьэжэ щыхъуауэ, къыщылъэтащ. Пщэдджыжьышхэ нэужьым нэхущ лъандэрэ Iэщхэм япэрыт нэхъыжьхэм ахэр якIэлъыдэкIащ, зрагъэгъэпсэхуну. МахуэщIэ къэунэхуам и гуапагъымрэ алэрыбгъу щхъуантIэпс зытеубгъуа губгъуэшхуэм и дахагъымрэ зэхыхьэжырти, зумыщIэжу уи псэр пIэпахырт, уагъэгушхуэрт:

- Мыр си щIыгущ, си лъахэщ, си дунейщ. Дэнэ щыIэ нэгъуэщI мыпхуэдэу щIэращIэ щIыналъэ! - хурикъуртэкъым щIалэ цIыкIум дунейр.

Iэщ гъэхъуным гугъуехьышхуэ пымылъу къызыщыхъуа щIалэхэм щIэх дыдэ къагурыIуащ ар зэрымытыншыр. IэщIэвыщIэм яхъуэкIу мыхъун удзыжьхэр щIыпIэ-щIыпIэкIэрэ хэплъагъуэрт, апхуэдэм Iэщыр щыхъумэн хуейт. Махуэ хуабэхэр яхуэмыхьу танэхэр щхьэрыхьу щыщIэпхъуи къэхъурт.

Сыт хуэдиз гугъуехь пымылъми, я лэжьыгъэр екIуу ирахьэкIырт, я нэгу зыщрагъэужьын зэмани къахуихуэрт. Iэщхэр зэрыземыхьэу, мамыру хъупIэм щитым деж, нэхъыжьхэм хуит ящIырт махуэ ныкъуэр зэрыхуейуэ ягъэкIуэну. Апхуэдэ зы махуэ гуэрым Ахьмэд и нитIыр къигуфIыкIыу и ныбжьэгъум зыхуигъазэри жиIащ, и Iэр ишийурэ:

- ПщIэрэ, зымахуэ модэкIэ къыщыт шытхым и лъапэм сыщыIууащ псыежэх цIыкIу. Ар икIи чэнж дыдэкъым, зыхэбдзэ хъунущ. АдэкIэ пэум мамкъутри къыщокъутэ, абыи фIыуэ дыхэшхыкIынщ. Уарэзымэ, ди зэманыр дэгъуэу дгъэкIуэнщ.

- Псы щIыIэм уигу пэщыху ухэсрэ мамкъуткIи зыптIыжыну хъуэпсэгъуэщ, ауэ махуэ псор нэгузыужьу итхыну таучэл сщIыщэркъым. Хьэмид и лъэгуажьэр игъэузыжащи, хощIэкъукI, Темыри и бгыр иубыдащи, болъагъу, гугъу зэрыригъэхьыр. Гуэныхькъэ ахэр махуэ псом Iэщхэм ябгъэдэбгъэтыну? - жиIащ Зубер, нэщхъей зэрыхъуам гу лъыптэу.

- Махуэ псор псы Iуфэм щыдгъэкIуэнщ, жысIэркъым, - къикIуэтыжащ Ахьмэд. - ГъэщIэгъуэн-тIэ тIэкIу ди нэгу зедгъэужьыну? Ди ныбжьэгъухэм яхуэтIуэтэжын гуэр зэгъэпэщын хуейкъэ? Iэхъуэ баш тIыгъыу гъэмахуэр Къущхьэхъу щыдгъэкIуащ жытIэу зыщыдгъэдыхьэшхын? Сэ сынэхъыжьщ, Iуэхур си пщэм дызолъхьэ. Псори зэпэщ сщIынщ, зыкIи умыгузавэ.

Зубери къыгурыIуэрт нэхъыжь и псалъэ тIу пщIын зэрыхуэмейр, ауэ мызыгъуэгум Ахьмэд и жыIэ емыдаIуэмэ, нэхъ тэмэму къилъытэрт. «Зывгъэпсэху!» - жаIэу хуит къащIа щхьэкIэ, ахэр дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэт. Дауэ хъуми, щIалэгъуэ жыхуиIэрати, зэныбжьэгъухэр псы щIыIэм къыхэхутащ. Хъуэпсэгъуэт я Iуэхур.

Ягу пэщыху загъэпскIауэ, мамкъут здэщыIэмкIэ кIуэну ежьахэу, Зубер къилъэгъуащ хъушэм фIыуэ къыпыIукIуэта Iэщ зытIущым зы шу зэрыхуэкIуэр. Абы занщIэу игу къэкIыжащ Iэщыхъуэ Хьэмид къыхуиIуэтэжауэ щыта хъыбарыр - Iэщ дыгъу зэрыщыIэр, зэкъуэхуауэ губгъуэм ит IэщIэвыщIэр зэрыбзэхыр. Зубер псынщIэу и щхьэм щызэригъэзэхуащ къэхъункIэрэ хъунур икIи и ныбжьэгъум Iуэхур зыIутыр иригъэщIащ. Куэдыщэ-рэ зыпIэжьэ хъунутэкъым, бзаджащIэм и мурадыр къехъулIэнкIэрэ хъунут.



Нэхъыжь и жыIэ едаIуэу еса щIалэ цIыкIур Ахьмэд еплъырт, и унафэм пэплъэу.

- Зубер, псынщIэу зич, нэхъыжьхэм я деж нэси хъыбар егъащIэ. Сэри шум гу зылъезмыгъатэурэ и пэ сыкъилъэдэнщи, зэрысхузэфIэкIкIэ, зэтесIыгъэнщ, - хэкъузауэ жиIащ Ахьмэд.

Ахьмэд езыр щIалэ Iэчлъэчт, къарууфIэт; ауэ сытми абы мызэ-мытIэу къыхуагъэфэщат бэнэнымкIэ саугъэтхэр?! ТIури спортым дихьэхат. Арат ахэр апхуэдэу гъунэгъу зэхуэзыщIар. Дакъикъэ зытхухым и кIуэцIым зэныбжьэгъухэм я Iуэхур дагъуэншэу зэфIахащ, дыгъум и мурадыр къэрамыгъэхъулIэу. Iэхъуэ баш кIыхьыр иIыгъыу и пащхьэм къихута щIалэ плIабгъуэ хэщIыхьар щилъагъум, шым тес лIы нэщхъыцэр къэуIэбжьащ, и шым нэхъ хуэм зригъэщIри, и пащхьэ итыр зэпиплъыхьащ, «Уэри дэнэ укъикIа», жыхуиIэ щIыкIэу.

Мыжыжьэу шы лъэ макъи къэIуащ. Хьэмидрэ Темыррэ яшхэм зытраIулIауэ гъунэгъу къахуэхъурт. И гугъакъым дыгъум хъушэм апхуэдиз цIыху пэрыту. И Iуэхур зэрызэIыхьар къызыгурыIуа шур, и шыкIэ мафIэ егъэуауэ, IулъэтыкIыжащ. Хьэмид и лъакъуэ узыр зыхимыщIэжу, псынщIэу шым къепсыхри, зэныбжьэгъухэм ябгъэдыхьащ.

- ЦIыхум и цIэр езым зыфIещыж, - жиIащ абы. - ЛIыгъэ фхэлъщ, фызыгъэсахэм напэ яIэщ.

Темыри мащIэу пыгуфIыкIыу, гуапагъэ зыщIэт и нэхэр щIалэхэм гъуэрыгъуэу ятриубыдэурэ, кърригъэжьащ:

- Аращ-тIэ, узэкъуэтмэ, зыми тегушхуэгъуафIэ ухуэщIынукъым. Дэ тIум ди закъуэу щытамэ, е фэ Iуэху еплъыкIэ зырыз фиIамэ, Iэщхэр диIэжтэкъым. Фэ фхуэдэ щIалэ хэкум куэду Тхьэм кърит!

ЩIалитIми фIыуэ къагурыIуат зэкъуэтыныгъэм лIыгъэ къызэрыпхилъхьэр. Гушхуэныгъэм зэщIиубыда щIалэщIэхэм я жеин къэмыкIуэу жэщ ныкъуэ хъуху щысыжащ, зэдэуэршэрхэу.

Ялъагъу псори яфIэщIэщыгъуэми, къуажэм хуезэшат щIалэхэр. Зубер и анэ ДэIимэт игу къихьэрей хъуат. И шыпхъу цIыкIу Даринэ и щхьэцыгъуэ ухуэнам къекъуурэ зэригъэкIийуэ щытар и нэгу къыщIигъэхьэжырти, пыгуфIыкIырт. Ахьмэди и анэм игъэхьэзыру щыта шхын IэфIхэр щIэх-щIэхыурэ игу къихьэрт, езыри нэхъ псэлъэгъуей хъуат.

Зэманыр напIэдэхьеигъуэ хуэдизкIэ къызэтемыувыIэу макIуэ, гъащIэри абы кIэлъоIэ. Къэблэгъащ гъэ еджэгъуэщIэр. ЩIалитIыр Къущхьэхъу къехыжри, я унагъуэхэм яхэтIысхьэжащ. ЯщIэрт абыхэм яIуэтэжын хъыбар куэд, ауэ зыми зыхуагъэщIэгъуакъым, щхьэщытхъуж псалъи къажьэдэкIакъым. Щхьэж и Iуэху зэрихуэжу зэныбжьэгъуитIыр дэувэжащ.

**МЭРЕМЩАУЭ Беслъэн**,
*Бэрбэч ХьэтIуtIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и студент.*

# ПIэхэнэ

## *Iуэтэж*

ЩIыбым дэт гъуэлъыпIэм илъ сымаджэм и щхьэщыгум зы бадзэ щоуфэразэ, къаруушэ хъуа цIыхур зэпеплъыхь. ИгъэщIагъуэ хуэдэщ: «Иджыри къэс сэ сыщышынами, иджы езыр сэ нэхърэ нэхъ къаруушэ хъуащ»!

Сабийм и щхьэм бадзэ хутехужмэ, цIыху хъуауэ къалъытэ. Ауэ Iуэхум я нэхъ гугъур къызэмыхьэлъэкIыу щыта цIыхубзым и щхьэм бадзэ хутемыхужу хъумэ - щэ?.. Бзылъхугъэр мыдыму щылъщ, нэкIэ бадзэм кIэлъоплъри. Абы сымаджэр тригъэуи хуэдэщ - и щэIуныр зэпыуащ.

Зи щIагъ щIэлъ дэшхуей абрагъуэм и тхьэмпэхэр жьым здрихьэжьэн къыпфIэщIу щIехурыхукIри, зыIэпегъэхуж. Сымаджэм и напIэр хьэлъэу къеIэтри, жыг щIэращIэм худоплъей. И инагъыр игъэщIагъуэ хуэдэ, зэпеплъыхь тэлайкIэ. Жыгми зегъэщIагъуэ. Абы дэнэ щищIэнт а нитIым ар къазэрыфIэмыIуэхуххэр. Дэнэ лъэныкъуэкIэ плъэми, а нэхэм къалъыхъуэр гущIэгъукIэ зыщыгугъ Алыхьырщ е псэхэхырщ. А тIуращ абы и псэр зыгъэтыншыжыну зыщыгугъыр. Аргуэру тIури щимыгъуэтым, хьэлъэу мэщатэ. Гугъэ ищIахэри тхьэмпэхэм хуэдэу, жьым епхъуатэри, йожьэж. Апхуэдэу дапщэрэ къэна ар?! Хуэхьыжыркъым узыр. И Iэпкълъэпкъым къемызауэ хэткъым. «Сызезыхьэхэм саIэщIэужэгъуагъэнщ», - жеIэри и дзэр мэш. Илъэс ныкъуэм нэблэгъауэ Iэрызехьэщ.

Бадзэр мэву, сызыщумыгъэгъупщэ, жыхуиIэу.

-Тхьэ ускIэрымыкIрэ? - цIыхубзыр нэкIэ епсалъэ хуэдэщ къыщхьэщытым. - ЛIо узыхуейр? СыкъыщIэбуфэрэзыхьыр сыт? Сыпшхынущ жысIэнути, укъызэдзакъэркъым, укъызбгъэдэс къудейщ. Сызэгуэбгъэпын къудейуэ арамэ, ар тыншIейуэ къохъулIащ. Сыту уделэ мыгъуэ уэ. Сэ уи пIэм ситамэ, бетэмал! ЗэлъэзгъэIэсынт мы дунеишхуэр! IукI мыбдеж, укъызбгъэдэсу ущымыс. Уи хьэмтетыгъуэр сэ стелъ тхьэмыщкIагъэм уеплъу умыгъакIуэ. Арыншами, фэ мащIэ дыдэщ гъащIэу къывитар.

НитI къепсалъэм къыжраIэр къыгурыIуэ хуэдэ, бадзэр IулъэтыжащI, цIыхубзым и закъуэ къигъанэри. Iэрызехьэр йогупсыс: «Сэ си Iэпкълъэпкъым абрэмывэ кIэрыщIа хуэдэщ, мобы еплъ, и насыпщ. И насыпщ бадзэм. Дунейм къытохьэри, къыздэкIуар къыгурымыIуэурэ, мэкIуэдыж. ЩыкIуэдыжкIи, и псэм къытрилъхьэркъым мы сэ стелъым хуэдиз бэлыхь!»

Абы къыкIэлъыплъу пщIантIэм дэс ныбжьыщIэ цIыкIум губгъуэм удз Iэрамэ къыхурихри, гуапэу кърitaщ. Нанэм, дауи, ар и гуапэ хъуащ, хуэгуфIэнуи хэтащ, ауэ къехъулIакъым. (Зы лъэныкъуэмкIэ телъыIуэри и щхьэр ундэрэбжьати, зыхуэгъэхъеижыртэкъым). Удз Iэрамэм хуоплъэкI, дахащэщ. Бадзэр щыIамэ, зыхуигъэщIэгъуэнтэкъэ, иджыри къысхуей щыIэщ жыхуиIэу!

И щхьэнтэм тIэкIу къыдэкIуэтеижын мурад иIа щхьэкIэ, хузэфIэкIакъым, Iэлъэщ тIэкIур фIилъэфа мыхъумэ. И щхьэц баринэ дахэшхуэр къыщIэщащ, уэс мыткIужыр тесауэ. И щIалэгъуэм сыту куэд къехъуапсэрэт а щхьэц Iувышхуэхэм. И нэкIум жьыгъэр иджэгухьами, абы дахагъэм хуещIа щымыIэу къыпщохъу. Пэжщ, Iупэхэр щызэтежкIэ, лыдыжу щыта нитIым гуфIэ лъэпкъ щIэплъагъуэркъым. Дауи, тыншкъым жэщи махуи зи къалэным ерыщу пылъ узым упэщIэтыныр. Сымаджэм къыбгъэдохьэри, и щыгъынхэр хузэрагъэзэхуэж, и Iэлъэщ фIыцIэри быдэу къытракъузэж.

«Слъагъу хъуркъым Iэлъэщ фIыцIэ», - жи, сымаджэм игукIэ. ЖьэкIэ жиIэнущи, хузэтехыркъым. НэкIэ псэлъэфу щытамэ, жриIэнт Iэлъэщ фIыцIэм гу зэрыщихуар. Ауэ езыхэми ящIэркъэ ар...

Бадзэр къэсыжри, гъуэлъыпIэ натIэм тетIысхьэжащ. Сымаджэми, къызэдэIуэн къэзгъуэтащ жыхуиIэу, нэкIэ абы епсэлъэн щIидзащ: «Сызэхэпхрэ, си лъакъуитIкIэ мы дунейм сыкъызэрытеувэрэ зы махуэ сытыншакъым, уи фIэщ хъурэ? Алыхьым игу къыщIызэбгъар сщIэркъым. Си хъуреягъым къахьа гуэныхьхэри сэ сагъэпшынауэ къысщохъу. Зы тыгъэ къызитамэ, тIууэ естыжын хуейт, е ар си гъащIэм и уасэу арат? Уасэшхуэ Iуэт ар сэркIэ, икъукIэ уасэшхуэIуэт!» Гупсысэ хьэлъэм иукI цIыхубзыр хощэIукI. УафэмкIэ доплъей. IэфIыкIэ къызыхуахьыну къагъэгугъа сабий хуэдэ, хъуапсэу къыпщохъу. Иужьрей зэманым абы и гур щIэхъуэпсрей хъуащ щищIалэгъуэм зыщышына дунеижьым. Бадзэм а къызэриуфэрэзыхьщ. Гъэмахуэм бадзэр куэд мэхъу. ЗэтIолъхуэныкъуэ фIэкIа умыщIэну, псори зэщхьэркъэпсу. Зэщхьэркъэпсу пIэрэ псори, хьэмэрэ къытфIэщIу ара апхуэдэу? Сымаджэм и нэр набгъэ хъуами, абы сытым дежи къецIыхуж и «ныбжьэгъур». Дауи къимыцIыхужынрэ, и нэкIур игъэгъуащэми, и дамэ ныкъуэдыкъуэмкIэ ар зыми хигъэгъуэщэнукъым.

Къыщалъхуа унагъуэм я бын пажэт Риммэ. Зэманыр тыншхэм ящыщтэкъыми, абы и адэ-анэм зэрылъэкIкIэ защIигъэкъуащ. Унагъуэ пасэ дыдэу ихьэри, и щхьэгъусэмрэ езымрэ дыгъэм хуэдэу бынитху зэдагъуэтащ. И нэхъыжьыр уей - уей жригъэIэу щIалэ хъуауэ, я благъэ гуэр мотоциклкIэ къыжьэхэуэри иригъэукIауэ щытащ. Ефати, имылъагъуу ириудри и гущIыIум ирикIуэжат. Анэм бын псори и зэхуэдэми, бын пажэр апхуэдэу гуузу зэрыIэщIэкIар гъэвын имыухыурэ, езым и щхьэгъусэр дунейм ехыжащ. Абы кIэлъыкIуащ зи нэхъыжьыгъуэ хъыджэбзри. И зэзыр къауэри, къахуегъэлакъым. Уи ерыскъы мы дунейм темылъыжмэ, сытри щхьэусыгъуэ мэхъу.

Риммэ и бгыр быдэу щIикъузэри, къыхуэна и бынищыр, адэкIэ зидзым, мыдэкIэ зыкъидзыжурэ, и анэкъилъхухэми зыкъыщIагъакъуэурэ, ипIащ. ХъыджэбзитIыр унагъуэ иригъэхьащ, и щIалэ закъуэми къыхуишэри унагъуэу игъэтIысыжащ.

ГуфIэгъуэмрэ гузэвэгъуэмрэ я Iэпэ зэрыIыгъыу къакIухьыр пэжу къыщIэкIынщ. Риммэ ипхъу курытри къыхуашэж машинэ къыжьэхэуауэ. Аргуэру машинэ!.. И хъыбар зэхэзыххэм «делэ имыхъукIыу фIыуэ къэнащ», - жаIэрт.

Дауи, Iэлъэщ фIыцIэм гу щихуат Риммэ, аращ ар апхуэдизу хьэдрыхэщIэхъуэпс щIэхъуари - и унагъуэм и нэхъыбэр абыкIэ къыщыпоплъэ...

Нобэ нэху къызэрекIрэ сымаджэр нэхъ хьэлъэ хъуащ. ШэджагъуэхуэкIуэ хъуами, абы ерыскъы дэнэ къэна, псы къудей и джий ехакъым. Нэхъ набгъи хъуащи, къыбгъэдыхьэхэр макъкIэ фIэкIа къыхуэцIыхуркъым. И щхьэгъусэм, дунейм ехыжа и бынхэм я цIэр жиIэу зэзэмызэ къыхощэIукI.

Зэныкъуэкъужу хэлъурэ, Iурехри пщIыхьэпIэ елъагъу, и бадзэ ныбжьэгъур и дамэ ныкъуэдыкъуэ цIыкIумкIэ ещIэурэ, ипэ иту лъатэу. Езыри, щIалэ хъужауэ, абы и кIэм ищIауэ мажэ. Апхуэдэурэ бадзэм ар щIыпIэ дахащэм ешэ. Ираудыным хуэдэу абы къыбгъэдолъадэ и бынищыр. Абыхэм зыкъызыIэщIауда адэри погуфIыкI... ПщIыхьэпIэм адэкIи къыпищэну щыгугъа щхьэкIэ, сымаджэр хьэлъэу къыхощэтыкIри къызэщоу. АрщхьэкIэ къыздигъэзэжа дунейр хъарпшэрщ. И уэршэрэгъуу щыта бадзэри къыщхьэщыта дунейшхуэри хьэуам зэрыхэшыпсыхьыжрэ Iэджэ щIащ...

**ЩОМАХУЭ Залинэ**.




# Едзыгъуэхэр

ИгъащIэми сщIакъым зэхэгъэж:
Ухэт? - Сэ абы зыри тезмыщIыхь.
Гу къабзэ уиIэу уцIыху пэж? -
Узикъуэшщ: сыпсэуху сэ пхуэсщIынущ щIыхь!

* * *

Уо, гъащIэ, сыткIэ уигу къызэбгъа,
Дэнэ си щIалэгъуэр здэпхьар?
СлIожь, IэфIагъым гу щысхуауэ уи гугъа?
Сыт сигу лъащIэм жьыгъэр къыщIиплъхьар?

* * *

СощIэ, сэ нэхъ лIыфI Iэджи дунейм ехыжащ,
Ауэ здихьакъым хьэдрыхэ зыми мастэ.
ЗэтупIэм напIэр, фIыгъуэ псори къэнэжащ, -
Аращ цIыхухэм гуапагъэкIэ сэ сащIетэр.

* * *

Уи жагъуэгъу е къытепсыхакIэ,
УгуфIэу, хыумытIэ ислъэмей.
Егупсысыжыт гу зэIухакIэ:
КъыпщыщIынур пщIэжрэ уэ пщэдей?

**ДУДАР Хьэутий**.

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

### Зэпкърымыхауэ гъэжьа джэд



Джэд гъэкъэбзар псы щIыIэкIэ ятхьэщI, хъыдан къабзэкIэ ялъэщIыж, ягъэгъущ. Абы и кIуэцIыр яшыу, шыгъу, шыбжий сыр, бжьыныху уба щахуэурэ. Джэд щIыбым шыгъу фIэкIа щахуэркъым.

ИтIанэ тебэм дагъэ иракIэри къагъэплъ, пщтырагъыр градус 200-м нэсыху, абы джэд шыуар халъхьэ и щIыбыр егъэзыхауэ. ЗэрагъэдзэкIыурэ тхъуэплъ дахэ хъуху дакъикъи 5-7-кIэ ягъажьэ. ИужькIэ джэдыр зэрилъу тебэр хьэкулъэм ирагъэувэри, дакъикъэ 25-рэ хуэдизкIэ ягъажьэ, зэзэмызэ зэрагъэдзэкIыурэ.

Джэдылыр мыпшэрмэ, щагъажьэкIэ джэд щIыбым шатэ щахуэ, тхъуэплъ дахэ ищIын щхьэкIэ. Джэд жьар хьэкулъэм кърахыжри, хуеймэ зэрыпсоуэ е Iыхьэ-Iыхьэурэ упщIэтауэ Iэнэм тралъхьэ. Тебэм къина дагъэри езы джэдым къыщIэжа псыри тракIэж.

Къазри бабыщри апхуэдэ дыдэу бгъажьэ хъунущ. ПIастэ, щIакхъуэ и гъусэу пщтыру яшх.

***Халъхьэхэр (цIыхуитху Iыхьэ):*** джэд гъэкъэбзауэ - г 1100-рэ, сэхуран дагъэу - г 100, бжьыныху укъэбзауэ - г 30, джэдым щахуэ шатэу - г 50, шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.



### Сэхуран купщIэ зэкIэрыс

Сэхуран купщIэр зэхащыпыкI, псы щIыIэкIэ ялъэс, ягъэгъущыж, тебэм иракIутэри, зэIащIэурэ ягъэлыгъуэ, гъуэжьыфэ дахэ къытеуэху. Ар щIагъэпщ зэтIэу. ИтIанэ дзэху тепщэчым иракIутэ, и кур къратхъу хуэдэу ящIри, бэлагъкIэ зэIащIэурэ, фо зыхэлъ фошыгъупс пщтырыр иракIэри япщ. Дагъэ зыщыхуа Iэнэм къытралъхьэри яубэ, пщтыр щIыкIэ хупхъэкIэ яху, зыхуей Iувагъым хуэдизу. СэкIэ пIэ ирагъэщIри, абы тету яупщIэтэж. Ар хьэлыуэ Iупщiэм хуэдэу, ауэ нэхъ пIащIэу щытын хуейщ.

***Халъхьэхэр:*** сэхуран купщIэу - г 1500-рэ, псыуэ - г 40, фошыгъуу - г 150-рэ, нартыху фоуэ - г 500.

***«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.***

● Къуалэбзухэр

# Бгъащхъуэ



**Бгъащхъуэ - Беркут**. Бгъэ лIэужьыгъуэм я нэхъ пIащэщ. И дамэхэр хуэIузэ кIыхьщ, кIэр хъурейщ, лъэдийхэм цы ятетщ. И теплъэм и плъыфэр гъуабжэфIыцIафэщ, бгъэгур, кIэбдзыр нэхъ гъуатIэ-дыщафэщ, пщэ, щхьэ щIыбхэр гъуафэщ.

Бгъащхъуэхэр щопсэу Кавказым къищынэмыщIауэ, Урысейм и нэгъуэщI щIыналъэхэми, нэгъуэщI къэралхэми я бгыщхьэхэм, мэзхэм, къумхэм. Абгъуэ щаухуэ къырхэми жыгыщхьэ лъагэхэми. Абыхэм къащэкIу мэзбжэн, щыхьхэм я щIэжьей, тхьэкIумэкIыхь, къуалэбзу пIащэ, нэгъуэщIхэри. Кавказым щыIэхэр мэгъуэлъхьэж гъатхэпэ мазэм, къэралым и ищхъэрэ мэзылъэхэр зи хэщIапIэхэр - мэлыжьыхьым. Кърашыр зыщ е тIущ.

Бгъащхъуэхэр ижь-ижьыж лъандэрэ цIыхум игъасэрэ ирищакIуэу къекIуэкIащ, ар къыхощыж нарт эпосым. Иджыри абыхэм щрощакIуэ Къэзахъстаным, Къыргъызым.

«Бгъащхъуэ гушхуар жьындум пэщIэхуэри ишхащ» псалъэжьым «уи къарум укъигъэгугъэу ущымыкI» жыхуиIэщ.

●Тхыгъэ кIэщIхэр

### Чэзу зимыIэ щыIэкъым

ПщIантIэр ихъумэу епхауэ зи гъащIэр зыхьа, жьы хъууэ зи пщэм пщэхъур ирахыжу яутIыпщыжа хьэр иджы зыкIи хуеижтэкъым апхуэдизрэ зыщIэхъуэпса хуитыныгъэм. ЩIэст ар иджыри къэс зыщIэса, зэса хьэунэм. Ауэ куэд дэмыкIыу абыи къыщIахуащ. Пщэхъу илъу пщIантIэм дэтт а унэм дяпэкIэ щIэсыну хьэ щIалэ лъэщыр.

### Псым и жапIэ къегъуэтыж

Гъатхэм къиуа къуршыпсым и Iуфэр пхритхъщ, и псыхъуэр къигъанэри, жапIэщIэ ищIащи, къыпхуэщIэжынкъым игъащIэ лъандэрэ абыкIэ ежэхыу щытауэ фIэкIа. Зеиншэу къэнащ телъа лъэмыжхэр. АбыхэмкIэ зыри имыкIыжурэ, удзыжь къатекIэжащ.

### «Махъшэ»

Хамэбзэхэм къикIыу къэтщта псалъэхэр «егъэкIыщтэн», «егъэхьэжын» хуейщ, ди бзэм и сэфэтым изэгъэху, дыдей хъуху. Апхуэдэу дымыщIмэ, хамэ псалъэхэр къыхэпIиикIыу хэтынущ, мэл хъушэм хэт махъшэу. Мы зэманым сыт хуэдиз «махъшэ» хэт ди бзэм!

### Ныбжьым елъытакъым

Балигъ ухъуным къикIыркъым Iущ ухъуауэ. Сыт хуэдиз балигъ дунейм тет Iущыгъэ лъэпкъ ябгъэдэмылъу! Абы щыгъуэми я ныбжькIэ балигъ мыхъуауэ Iущыгъэшхуэ къэзыгъэлъагъуэхэр мащIэкъым.

**КЪАГЪЫРМЭС Борис**.

● Псалъэжьхэр

## Зи гур къабзэм и бзэр IэфIщ

- **♦Дахэр зыгъэдахэр и щэнщ.**
- **♦Псынэ куэд зэхэлъэдэжмэ, тенджыз мэхъу.**
- **♦ЦIыхур уи щхьэ еплъытмэ, емыкIу къэпхьынкъым.**
- **♦ЯгъэфIэрей джэдур щхьэнтэ тесу къонэж.**
- **♦Iуэхутхьэбзэм бзыпхъэ иIэщ.**
- **♦Акъыл зиIэм жагъуэгъу и куэдщ.**
- **♦Гум илъыр нэгум къыуегъащIэ.**
- **♦Зи Iуэху нахуэм и нэгу хейщ.**
- **♦Макъ зимыIэр уэрэдхуэлъэщ.**
- **♦Уеплъмэ - дахэщ, зэгуэпхмэ - банэщ.**
- **♦Къапхъэнми имыгъапцIэ иубыдыркъым.**
- **♦Уэрэдым псалъэ хадзыркъым.**
- **♦Шэм нэхърэ бзэр нэхъ жэрщ.**
- **♦Iэнэм и пэри и кIэри хъуэхъущ.**
- **♦Зи гур къабзэм и бзэр IэфIщ.**

# Псалъэзэблэдз



***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Яхуэмышхын ... жиIэри, ямышхыфын ищIащ. **6**. Махуэ ... щыблэ уэркъым. **7**. ... куэдрэ уэмэ, и дамэр мэкъутэ. **10**. ... дэм хуэдэщ, анэр нэм хуэдэщ. **11**. Тенджызрэ пэт ткIуэпс-ткIуэпсу ... **13**. Бзаджэм ищIэр фIым ... **15**. ... зыгъэунэри, благъэр зыгъэблагъэри фызщ. **18**. Шыуаным илъыр зымышхыжынур гуэным ... тогужьеикI. **19**. Си гъунэгъур мэдыхьэшхри ... содыхьэшх. **20**. ... жьакIэ тетщ.

***Къехыу:*** **2**. ... ещэр ... мэхъу. **3**. ... бгъасэми, хьэсэр и плъапIэщ. **4**. Адыгэм ... и щIасэщ. **5**. Зымышхыжын и мэкъумэш ... **8**. ... гуапэщи, ... гуауэщ. **9**. Псэр ..., напэ къащэху. **12**. ... закъуэми джэд хулъэ егъэнщI. **14**. Уи тепIэн ..., уи лъэ укъуэдий. **16**. ... и псалъэ епцIыжыркъым. **17**. Жьым тесу ... йопыдж.

*Зэхэзылъхьар* **БИЦУ Жаннэщ**.

**ФокIадэм и 10-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:**

***ЕкIуэкIыу:*** 1. Гулъ. **5**. Хьэ. **6**. Хьэлвэ. **7**. Тхъусэ. **8**. Сахуэ. **9**. Вандэ. **14**. Джулат. **15**. ПщIащэ. **16**. Аслъэн. **18**. Анэл. **20**. Амур. **22**. Мэуэт. **23**. Шху. **24**. Зэ.

***Къехыу:*** **2**. Лъэхъу. **3**. Тхьэв. **4**. Хьэсэ. **5**. Хьэху. **10**. Алътес. **11**. Дапхъэ. **12**. Ауз. **13**. Пщы. **16**. Алмэ. **17**. НАТО. **19**. «Нэху». **21**. Уаз.

● IуэрыIуатэ

## Шэм нэхърэ нэхъ шынагъуэ

Жэбагъы гъуэлъыжауэ пIэм хэлъу, зыгуэр къыщыджэм, зихуапэри щIэкIащ. «НакIуэ», - щыжаIэм, лIы и хабзэти, шэсри, Тэрч зэпрыкIащ. Жэбагъы щIэупщIакъым здашэмкIэ. АдыгэлI апхуэдэ хьэл иIэтэкъым. Тэрч шыбз гуартэ къыщрахужьэри къежьэжащ. Пхъэр къакIэлъежьэри, зэхэуи къэхъуащ, ауэ лажьэ ямыIэу Iуэхум къыхэкIащ.

- Тхьэшхуэм дыкъихъумащ, сыту шынагъуэт мы ныжэбэрей Iуэхур, - жиIащ Жэбагъы и гъусэм..

- Сыт апхуэдэу къэхъуар? - щIэупщIащ Къэзанокъуэр.

- Iэу, зы шэ къыттехуамэ, диукIатэкъэ? - жи.

- Абы нэхърэ нэхъ шынагъуэр бжесIэнщ, - жиIащ Къэзанокъуэм. - Уи бынымрэ уи фызымрэ зы лъэныкъуэу, уэ жьыхуегъэзэкI ухъуарэ лейуэ укъалъытэжамэ, а зы шэ закъуэри къуагъэщтэжынщ.

● ГуфIэгъуэ зэхуэсхэр






# «Налмэсым» и щIэблэ зэчиифIэр

**Ди республикэм и еджапIэхэм, гъэсапIэхэм мы зэманым щыпащэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэралыгъуэ зэригъуэтрэ илъэси100 зэрырикъур щагъэлъапIэ Iуэхугъуэхэм. Лъэпкъ мыхьэнэ зиIэ апхуэдэ зэхыхьэ дахэ иджыблагъэ къыщызэрагъэпэщащ Нарткъалэ дэт курыт школ №6-м (унафэщIыр Шыбзыхъуэ Оксанэщ) и нэIэм щIэту лажьэ «Налмэс» сабий гъэсапIэм (унафэщIыр Семэн Iэсиятщ). IуэхущIапIэм и егъэджакIуэхэм, гъэсакIуэхэм, ахэр зыкIэлъыплъ цIыкIухэм нэмыщI, гуфIэгъуэ фестифалым жыджэру хэтащ Аруан щIыналъэм щылажьэ школхэм, сабий садхэм я лIыкIуэхэри.**

ГУФIЭГЪУЭ зэхуэсым зыкъурагъэхьэлIащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм лъэпкъ егъэджэныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщI Мыз Залинэ, Аруан район администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ ЦокIыл Азэмэт, егъэджэныгъэмкIэ щIыналъэ IэнатIэм и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Жанэ Заурбэч, нэгъуэщIхэми. А хьэщIэ лъапIэхэр, адыгэ хабзэм къызэригъэувым хуэдэу, екIуу ирагъэблэгъащ бысымхэм. КъахуэкIуахэм я цIыхухъу нэхъыжьым махъсымэбжьэ IэщIагъэуващ, хьэпцIийм къыхэщIыкIа адыгэ щIакхъуэ хъурейрэ балъкъэр хъыршын пщтыррэ щIыгъуу.

ХьэщIэхэми фIыщIэ дыдэ ящIащ къыхуащIа апхуэдэ пщIэ лъагэр икIи сэлам гуапэ нэужьым къызэхуэсахэм ехъуэхъуащ къэрахьэжьа Iуэхур махуэ хъуну, фIыгъуэ куэд къахудэкIуэну, щIыналъэм гъэ еджэгъуэщIэм щрагъэкIуэкIыну адрей гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэм а фестивалыр псыпэ угъурлы яхуэхъуну. Псалъэ зрата ЦокIыл Азэмэти зэIущIэм кърихьэлIахэм ехъуэхъури, Аруан щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ Ажий Валерэ фестивалым хэтхэм къахуигъэхьа хъуэхъу тхылъым къахуеджащ. Район унафэщIым абы гуапэу защыхуигъэзащ зэхуэсыр къызэзыгъэпэщахэми ар езыгъэкIуэкIхэми лэжьыгъэ купщIафIэ кърахьэлIэну. Апхуэдэу Ажийр псоми ехъуэхъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэралыгъуэ зэригъуэтрэ илъэси 100 зэрырикъуамкIи.

Iуэхур щекIуэкI курыт школ №6-м и кадет классым щеджэхэм гуфIэгъуэ щытыкIэм иту утыкум кърахьащ Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я ныпхэр, къэралым, республикэм я гимнхэр къеуэу. Фестивалыр апхуэдэу Iэтауэ къызэIуаха нэужь, «Налмэсым» и гъэсэн цIыкIухэм ягъэзэщIащ «Дыгъэм и къафэр». Хъурейуэ къеувэкIауэ дахэу къафэ сабийхэм екIупсу ящыгът республикэм щыпсэу лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я фащэхэр.

Адэкlэ утыкур хуит хуащlащ фестивалым къыхузэрагъэпэща махуэшхуэ концертым хэт ныбжьыщIэхэм. Ахэр къэфащ, джэгуащ, уэрэдхэмрэ усэхэмрэ жаIащ. КъыкIэлъыкIуэу фестивалым кърихьэлIа хьэщIэхэр ирагъэблэгъащ сабий садым и пщIантIэм къыщызэIуаха лъэпкъ пщIантIэ цIыкIухэм. Абыхэм щызэхуэхьэсат ди щIыналъэм щыпсэу лъэпкъхэм пасэ зэманым зэрахьэу щыта хьэпшып гъэщIэгъуэнхэр. Апхуэдэу утыкум ит Iэнэ лъакъуищхэм телът лъэпкъ шхыныгъуэ щIэщыгъуэхэр. Пасэрей пщIантIэхэр къызэгъэпэщыным я зэфIэкI ирахьэлIащ Аруан районым хыхьэ еджапIэхэм, гъэсапIэхэм ящыщ куэдым.

Лъэпкъ фестивалыр джэгу дахэкIэ зэхуащIыжащ. IуэхущIапIэм къыдэкIыж хьэщIэ лъапIэхэр иригушхуэрт абы и егъэджакIуэхэм, гъэсакIуэхэм, ныбжьыщIэхэм ябгъэдэлъ зэчийхэм, щIэныгъэм. Ар гуапэ ящыхъурт зэхэзых псоми: зыхужаIэ лэжьакIуэхэми, абыхэм я гъэсэнхэми, адэ-анэхэми.

**КЪАРДЭН Маритэ.**

# МэкъумэшыщIэхэмрэ хьэлъэзехьэхэмрэ япэлъэщакъым

**ФутболымкIэ Урысей Федерацэм и Кубокыр къэхьыным ехьэлIа зэхьэзэхуэхэм и 1/128 Iыхьэм «Спартак-Налшыкым» Псыхуабэ и «Мэшыкъуэ-КМВ»-р щыхигъэщIа нэужь ди щIалэхэм адэкIэ хьэрхуэрэгъу къахуэхъуащ Ставрополь крайм и Ивановскэ къалэм и «Ставрополь АгроСоюз» командэр.**

● Футбол



КЪЫЗЭРЫГУЭКI къалэ цIыкIум и футбол командэм зэхьэзэхуэм и пэщIэдзэ зэIущIэхэм фIы дыдэу зыкъыщигъэлъэгъуащ. Япэ джэгугъуэм абыхэм бжыгъэшхуэкIэ щыхагъэщIащ «ЕсэнтIыгур» - 3:0. КъыкIэлъыкIуэу зэхьэзэхуэм и 1/128-нэ Iыхьэм зэпеуэм къыщыхигъэкIащ Мэхъэчкъалэ и «Легион»-р – 4:3.

Налшык щызэхэта зэIущIэм и пэщIэдзэ дакъикъэхэм командэхэм жыджэрагъыхуэ къамыгъэлъуагъуэу екIуэкIащ. Зым и тIасхъэм адрейм щыгъуазэ зэрызыщищIыным джэгум и щIэдзапIэр хухахат. Апхуэдэ мурадкIэ закъуэтIакъуэрэ дэтхэнэ лъэныкъуэми ебгъэрыкIуэныгъэкIэ узэджэ хъун Iэмал гуэрхэр къызэрагъэпэщащ.

Апхуэдэу епщыкIузанэ дакъикъэм хьэщIэхэр а махуэм «Спартак-Налшыкым» и гъуэр зыхъума Сиукаевым къебгъэрыкIуа нэужь топыр къызыIэрыхьа налшыкдэсхэм контратакэ псынщIэ къызэрагъэпэщащ. Хьэшырым штрафноймкIэ къыхита топыр «СтавропольАгроСоюз»-м и гъуэ нэщIымкIэ иригъэунэтIыжын фIэкIа къызыхуэмына Топурия абы лъэIэсакъым.

Дакъикъэ зыбжанэ дэкIри ди щIалэхэр аргуэру ивановскэдэсхэм я гъуэм екIуэлIащ. Гупышхуэу ипэкIэ кIуэта хэгъэрейхэм топыр къахихащ икIи гъуащхьэхъумэхэм къапекIуэкIри гъуащхьэтетым хуэзанщIэ хъуащ Къумыкъур, арщхьэкIэ Джамболэт и топыр гъуэм техуакъым.

Япэ Iыхьэм и етIуанэ ныкъуэм «Спартак-Налшыкым» и джэгукIэм хигъэхъуащ икIи топыр нэхъыбэрэ иIыгъ хъуащ. АрщхьэкIэ абы сэпэбынагъ къыхахыфыртэкъым – я ебгъэрыкIуэныгъэхэм хуэфэщэн кIэух ирагъэгъуэтыфыртэкъым е гъуащхьэхъумэхэм къызэпаудырт.

Загъэпсэхуну икIыным куэд къэмынэжауэ, Дэхъум къыхита угловойм ехъулIэныгъэ къытхуихьыным зымащIэщ иIэжар. Штрафнойм ит Белоусовыр топым щхьэкIэ кIэлъеуэжащ, ауэ хьэщIэхэм я гъуащхьэтет Чикильдин абы хуэхьэзырти къиубыдащ.

ЗэпэщIэтыныгъэм и етIуанэ Iыхьэми командэхэм я джэгукIэм зихъуэжакъым – налшыкдэсхэр нэхъыбэрэ ебгъэрыкIуэрт, хьэщIэхэми Iэмал къазэрыхуихуэу, контратакэ псынщIэхэр къызэрагъэпэщырт.

Джэгум зэрыщIидзэжрэ куэд дэмыкIауэ «СтавропольАгроСоюз»-м бжыгъэр къызэIуихащ. И командэм и ебгъэрыкIуэныгъэр диIыгъыу хэгъэрейхэм я штрафнойм къилъэда Зароченцевым топыр къыIэрыхьащ икIи ар гъуащхьэтетым пэгъунэгъу плIанэпэм дигъэкIащ – 0:1. Къыхэдгъэщынщи, а гъуащхьауэ дыдэращ «Легион»-м драгъэкIуэкIа зэIущIэм и бжыгъэр къызэIузыхари.

ЩытыкIэр ягъэзэкIуэжын мурадкIэ «Спартак-Налшыкым» и футболистхэр къаруушхуэкIэ ипэкIэ кIуэтащ. Профессионал командэр футбол джэгуныр зимыIэщIагъэ лэжьакIуэ цIыхухэмкIэ зэхагъэува гупым къыхигъэщIэныр къемызэгът. Къыхэдгъэщынщи, гъуащхьэхъумэ Тигиевыр таксистщ, гъуащхьэхъумэныкъуэ Нэхущ Къантемыр – курьерщ, бжыгъэр къызэIузыха Зароченцевыр хьэлъэзехьэщ...

Я къару псори зэщIэзыгъэуIуа ди щIалэхэм джэгур зэпIэзэрыт ящIыжыфащ. «Спартак-Налшыкым» и ебгъэрыкIуэныгъэм хэту топыр къызыIэрыхьа хэгъэрейхэм я капитан Хьэшыр Алан бжыгъэр зэхуэдэ ищIыжащ – 1:1.

Зэхьэзэхуэм и хабзэхэм ипкъ иткIэ зэIущIэр зэрытемыгъэкIуауэ иух хъунутэкъым – адэкIэ нэхъ лъэщыр пенальти еуэгъуэм щызэхэкIынурат. Псоми зэрытщIэщи, пенальтир насыпырыхьщ.

Зи джэгукIэр нэхъ жан хъуа хэгъэрейхэр зэтраIыгъэным я къару псори хухахат ивановскэдэсхэм, ебгъэрыкIуэныгъэ къызэрызэрагъэпэщын къару къахуэнэжатэкъым. Пенальтир нэхъ хэкIыпIэфIу къэзылъыта «СтавропольАгроСоюз»-м и лъэныкъуэмкIэ зыщигъэбыдат. ДжэгупIэ губгъуэр хуит къызыхуэхъуа «Спартак-Налшыкыр» гупышхуэу я хьэрхуэрэгъухэм я лъэныкъуэмкIэ кIуэтащ икIи щIэхщIэхыурэ гъуэм ебгъэрыкIуэрт.

Апхуэдэхэм ящыщ зым хэту топыр иIыгъыу штрафнойм илъэда Ашуевыр гъуащхьэхъумэхэм хабзэр къызэпауду фIэкIа къахуэгъэувыIакъым. ЕтIуанэ дагъуэр къызыхуащIа Тигиевыр джэгум къыхахуащ.

ЗэIущIэм хухаха зэман нэхъыщхьэр зэрытемыгъэкIуауэ зэриухам пенальти еуэгъуэр кърикIуащ. Топ пщIырыпщI командэхэм щыдагъэкIа нэужь, ЛIупым пенальтир хуэгъэзэщIакъым. КъыкIэлъыкIуэу топым бгъэдыхьа ди лъэпкъэгъу КIэблахъуэ Владислав хьэщIэхэм текIуэныгъэ къахуихьащ - 10:11. НэхъапэIуэкIэ ди гъуэм пенальтихэм ящыщ зы къыдигъэкIащ хьэщIэхэм я капитан Табыщ Артури.

**МЭЗКУУ Къан.**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.777 • Заказыр №1873

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А